

PlusOne

Rodza Pfungwa ChiShona



Gwaro
reChishanu

5

PlusOne

Rodza Pfungwa ChiShona

Bhuku romudzidzisi



Gwaro
reChishanu

5

Published by:

Secondary Book Press Private Limited
4th Floor, CABS Centre Building,
Cnr Jason Moyo & 2nd Street,
Harare, Zimbabwe
Tel: +263 242 771 406 | +263 242 753 201
Mobile: +263 712 560 870 | +263 788 954 870
Email: sales@secondarybookpress.co.zw
Website: www.secondarybookpress.co.zw

Plus**One Rodza Pfungwa ChiShona | Gwaro reChishanu - Bhuku romudzidzisi**

ISBN: 978-1-77932-141-1

First Published in 2025

Copyright: Secondary Book Press

Editor-in-Chief: Munyaradzi Gunduza

Development Editor: Reggies Chapwanya

Design and text layout: Floeene B. Chimba

Every effort has been made to trace the copyright holders. In the event of unintentional omissions or errors, any information that would enable the publisher to make the proper arrangements will be appreciated.

All rights reserved. No part of this publication may be reproduced, stored in a retrieval system, or transmitted in any form or by any means, electronic, mechanical, photocopying, recording or otherwise, without prior permission of the copyright owner.

Zviri mukati

Mavambo	i
Chikamu 1: Farira dzidzo	1
Chikamu 2: Kutandara pasichigare: Ngano	5
Chikamu 3: Mitambo yepasichigare: Mbakumba	9
Chikamu 4: Kutenga nekutengeserana.....	14
Chikamu 5: Kutiza chikoro kwakaipa.	18
Dzokororo yekutanga	22
Chikamu 6: Kukosha kwemukaka waamai	23
Chikamu 7: Chitendero chechiKiristu	27
Chikamu 8: Chenjerai madusvuramoyo	31
Chikamu 9: Zororo rasvika	36
Chikamu 10: Bvunzo yekutanga.....	41
Chikamu 11: Basa nderemunhu wese	43
Chikamu 12: Kodzero dzevana	47
Chikamu 13: Hero basa mwanangu.	52
Chikamu 14: Kuuya kweVarungu vokutanga muZimbabwe.....	56
Dzokororo yechipiri	61
Chikamu 15: Hondo yeChimurenga.	62
Chikamu 16: Mureza weZimbabwe.....	66
Chikamu 17: Rupawo rweZimbabwe (National Coat of Arms).	70
Chikamu 18: Tsvina munharaunda.	74
Chikamu 19: Nharembozha.	78
Chikamu 20: Bvunzo yechipiri	82
Chikamu 21: Gukuraivhu	84
Chikamu 22: Moto, moto, moto!	88
Chikamu 23: Muvhu mune raramo	93
Chikamu 24: Ngwarira upenyu!	97

Chikamu 25: Mabhindauko ekutsvaka mari	101
Dzokororo yechitatu	105
Chikamu 26: Tenda kurairwa ukure zvakanaka	106
Chikamu 27: Mubatanidzwa wekupfuya nguruve	110
Chikamu 28: Tsaona mumigwagwa	114
Chikamu 29: Kudzivirira njodzi mumigwagwa	119
Chikamu 30: Bvunzo yechitatu.....	123

Bhuku rino remudzidzisi PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChishanu ndiro bhuku reChishanu mukutevedzera hwaro hwokudzidzisa ChiShona. Parugwaro urwu, bhuku rino rinoumbiridza zvakakosha zvakadzidzwa nevadzidzi murugwaro rweChishanu kurudziro iri papfungwa huru ina dzemumbiro dzinoti **Kuverenga, Kutura, Kuteerera neKunyora.**

1 Kuteerera

Njere dzinowedzera padanho rimwe nerimwe nekudaro pagwaro reChishanu bhuku rePlusOne Rodza Pfungwa ChiShona rine zvakawedzerwa kubudikidza nenyaya dzinobata tsika nemagariro zvinoonekwa nevadzidzi munharaunda mavo. Padanho rino vadzidzi vanowedzera kuteerera kwavo kana mudzidzisi akatura zvagara zvichionekwa munharaunda.

2 Kutura

Kana vadzidzi vachinge vogona kuteerera, kutura hakuchavanetse sezvo nharaunda chiri chombo chikuru kuvadzidzi. Mudzidzisi uchaona kuti mienzaniso mizhinji ichapihwa nevana mukutura inenge ichibva munharaunda mavanogara. Mubhuku rino, mudzidzisi achaona hurukuro dzichaitwa nevana pachikamu choga choga. Hurukuro idzi dzinobata misoro yakasiyana-siyana. Izvi zvichabatsira kuti unyanzvi hwavo hwekutura husimbe.

3 Kuverenga

Bhuku rino rine mazwi matsva uyezve tsananguro yemazwi aya. Mudzidzisi anokurudzirwa kuverengesa vana mazwi aya. Izvi zvichabatsira kuti vasazonetseka pakuverenga ndima yenzwisiso sezvo mazwi matsva aya anenge arimo mundima yekuverenga yenzwisiso. Mudzidzisi ipa mwana wega wega mukana wekuverenga vamwe vana vakateerera. Izvi zvinobatsira kubvisa kakutya muvadzidzi zvichiunza makwikwi okuverenga mukati mevadzidzi.

4 Kunyora

Mwana anogona kushandisa kunyora senzira yekutura nayo. Parugwaro rweChishanu vana vava kugona kudzidzira kushandisa mutauro zvazazara. Zvinyorwa zviriri mubhuku revana zvinopa vana mukana wekunyora vachizadzisa. Vana vanopihwa mukana wekunyora mazwi nezvaanoreva. Bhuku rino richapa vadzidzidzisi mukana wekupa vadzidzi kuti:

- vanyore vachipindura mibvunzo yenzwisiso,
- vanyore rondedzero vachibatidza pfungwa dzakapihwa kunyora rondedzero ine hutesve,
- vanyore zvirevo vachizadzisa zvirungamutauro kana kuzadzisa mitsara yakapihwa nezvirangamutauro,
- kunyora vachisarudza mhinduro dzesarudzo.

Mashandisirwo ebhuku

Bhuku rino rinobatsira mudzidzisi mukushandisa PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChishanu. Zvikamu zvebhuku rino zvakarongwa zvichitevedza marongerwo azvakaitwa mubhuku revana. Bhuku rino richange richibuditsa:

- musoro wechikamu choga choga.
- zvinangwa zvechidzidzo choga choga. Zvakakosha kuti murairidzi ashandise bhuku rino nebumbiro reChiShona kuti aone ukama huripo nehwaro redzidzo.
- zvombo zvamungashandise pachidzo choga choga. Zvakakosha kwauri murairidzi kuti ugadzire zvombo zvakawanda parugwaro urwu.
- zvamuchatarisirwa kuita nevana pachikamu choga choga.
- zvingaitwe nevana sebasa rekumba. Basa rekumba rakakosha sezvo richiita sezambuko pakati pekuchikoro nekumba. Mudzidzi anombowana mukana wekubvunza vamwe vasiri vadzidzisi sezvo dzidzo isina muganhu. Mubhuku rino mudzidzisi uchapihwa mukana wekupa basa rekumba nekuwedzera ruzivo pachikamu choga choga.
- mhinduro yemibvunzo iri mubhuku revana. Mudzidzisi unokurudzirwa kutwasanudza pfungwa dzako pamhinduro dzinopihwa nevadzidzi zvichienderana nenzvimbo.

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso vachitevedzera zvimiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kuzadzisa tsumo.
- f** kushandisa chibvunza muzvirevo.
- g** kunyora rondedzero.
- h** kuzadzisa zvirevo neinzwi reukama.

Zvombo zvichashandiswa

- Rwiyo mudzimudzangara kana munharembosha runotaura nezvekudzidza.
- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine tsumo.
- Bhambiri rine chibvunza.
- Bhambiri rine zveukama.
- Makadhi ane basa remapoka.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro reChishanu peji 1-6.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (junior) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavaite gakava rine musoro unoti, “Dzidzo yepasichigare yaive nane pane dzidzo yanhasi.” Vadzidzi ngavaite mapoka maviri, rimwe boka richange richitsigira musoro, rimwe richipikisa. Mudzidzisi ngaape chibodzwa kupfungwa ine musoro inenge yapiwa nemwana. Boka rinenge raita zvibodzwa zvizhinji ndiro rinenge ratora mukombe.

Hurukuro

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

Vanodzidza Chirungu, ChiShona, Masvomhu, Sainzi, Chitendero, Makombiyuta nezvimwe.

Mumabhuku, mumapepanhau, mumakombiyuta, munharembosha nezvimwe.

Kushaya mari, kushaya vanoendesa kuchikoro, urombo, unherera nezvimwe.

Zvikoro ngazviwande, vanhu vose ngavapiwe mukana wedzidzo mahara uye hurumende ngaibatsere vanoshaya mari kuti vadzidze pachena.

Mazwi anoreva zvinopikisana

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revana ndeidzi:

- | | | | |
|----------|----------|----------|-------------|
| a | kuvhara | e | vhura |
| b | kuchena | f | tsvimborume |
| c | rinovava | g | kuroora |
| d | chena | h | venga |

B. Nzwisiso

Farira dzidzo

Vana ngavaverenge vachiita majana vachitevedzera zvimiso. Mumapoka avo vana ngavaite makwikwi ekuverenga. Boka rimwe nerimwe ngaritsvake shasha iyo ichazokwikwidzana nevamwe posarudzwa nyanzvi yekuverenga.

Mhinduro dzemibvunzo yenzwisiso iri mubhuku revana ndeidzi:

- 1** VaKumhoti
- 2** kunamata
- 3** munamato
- 4** pachigaravakwati
- 5** rwechishanu

- 6 ainakirwa nekuvata
- 7 unowana dzidzo inokusimudzira muupenyu. Unozoita mabasa anopa mari.
- 8 chiremba, mutyairi wendege, murapi, injiniya, gweta nemamwe.
- 9 Musikana adarika zera rekuroorwa.
- 10 kuraira, kuyambira kana kunyevera.

C. Pfupiso

Vana ngavataure pfungwa huru dziri mundima. Mumapoka vadzidzi ngavabatanidze pfungwa idzi kuumba pfupiso. Pfungwa dzinobuda ndeidzi:

- Vamwe vanotadza kuenda kuchikoro.
- Dzidzo inopa ruzivo.
- Mabasa ane mari anobva mudzidzo.
- Unowana rugare nedzidzo.
- Kudzidza kwakakosha.

D. Kuzadzisa tsumo

Vadzidzi ngavazadzise tsumo dziri pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavazadzise tsumo.

- 1 Pfavira ngoma usiku urefu.
- 2 Mviro mviro dzemhanza mapfeka.
- 3 Chiri mumusakasaka chinosvinzwira.
- 4 Chimedza matore akazodzipwa neganda remhuru.
- 5 Kakara kununa kudya kamwe.
- 6 Nhamo yemumwe hairambirwi sadza.
- 7 Chiripo chariuraya zizi harifi nemhepo.
- 8 Kuvhunduka chati kwatara hunge uine katurike.
- 9 Kwava kusakara kwedoo serisakambodiwa nyama.
- 10 Wadziya moto wembavha newewo watove mbavha.

E. Kushandisa chibvunza (?)

Vadzidzi ngavaise chibvunza pazvirevo zviri pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavaumbe zvirevo zvine chibvunza.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Chii chingaita kuti ukonewe muchikoro?
- 2 Nderipi inzwi raakutuka naro?
- 3 Pane zvawakambomuita here?
- 4 Vanotyora kodzero vanoitwa sei?
- 5 Zvinorevei kuti kutyora kodzero?
- 6 Unoziva here kuti chikoro chavhurwa nhasi?
- 7 Wareverei nhema kuti uri kunamata?
- 8 Unodirei kundinyepera nhai iwe?
- 9 Ndiani waunofamba naye uchienda kuchikoro?
- 10 Nemhaka yei uchiramba kuenda kuchikoro?

F. Rondedzero yetsananguro

Kukosha kwedzidzo

Vana ngavataurirane manyorerwo erondedzero. Mumapoka avo vadzidzi ngavape pfungwa dzekukosha kwedzidzo. Ngavabatanidze pfungwa idzi vonyora rondedzero. Mumwe nemumwe ngaanyore rondedzero iyi mubhuku rake.

G. Ukama

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zveukama zviri pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavaumbe zvirevo zveukama.

Mhinduro dzebasa reukama riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 mukuwasha
- 2 tsano
- 3 muramu
- 4 mainini
- 5 hanzvadzi
- 6 mukoma
- 7 muzukuru
- 8 babamukuru
- 9 sekuru
- 10 vatezvara

Kutandara pasichigare: Ngano

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kushandisa fananidzo muzvirevo.
- f** kuzadzisa zvirevo nemazita.
- g** kunyora rondedzero.
- h** kunyora mazita emhuka.

Zvombo zvichashandiswa

- Mufananidzo wemhuka dzemusango.
- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine fananidzo.
- Bhambiri rine mazita.
- Bhambiri rine mhuka nevana vadzo.
- Makadhi ane basa remapoka.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro reChishanu peji 7-12.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (junior) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavaite ngano dzavanzovira vamwe vakateerera. Ngapasarudzwe sarungano anenge aita rungano runonakidza kudarika vose.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revana ndeidzi:

- manheru
- vanasarungano – mbuya, sekuru, vatete, kana vanhu vakuru.
- Vana.
- Utsanana, kuwirirana nevamwe, kusaba, kushanda nesimba, kutaura chokwadi nezvimwe.

Mazwi muuwandu

Mhinduro dzemazwi muuwandu ari mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----------|----------|----------|----------|
| a | vakadzi | e | nzizi |
| b | mabasa | f | makomo |
| c | vana | g | manhanga |
| d | vacheche | h | nziyo |

B. Nzwisiso

Ngano

Vadzidzi ngavaverenge ndima iyi vachiita majana. Mumapoka avo ngavaverenge ndima iyi vosarudza shasha iyo ichazokwikwidzana nedzimwe shasha potsvakwa nyanzvi yevhiki iyoyo.

Mhinduro dzemibvunzo yenzwisiso iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----------|--------------------|-----------|---|
| 1 | Mbuya VaChichaka | 6 | nhanga |
| 2 | China | 7 | kusvuvura |
| 3 | mbira | 8 | vaida kuti vasakure vasina chinovanetsa |
| 4 | Amai vaiimba rwiyo | 9 | kupopota zvikuru |
| 5 | masikati | 10 | kufa kana kushaika |

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavayeuchidzane manyorerwo epfupiso. Mumapoka avo vadzidzi ngavataure pfungwa huru dziri mungano iyi. Ngavabatanidze pfungwa idzi kunyora pfupiso.

Pfungwa huru dzinobuda ndeidzi:

- Mukadzi airereswa mwana nembira.
- Aiimba kuti apiwe mwana.
- Rimwe zuva mbira yakabvisa mitezo yemwana.
- Mai vakaimba hapana akadavira.
- Mai vakabereka nhanga voita semwana.
- Baba vakazviona kuti inhanga.
- Vakazowana mwana akafa.

D. Kushandisa fananidzo mumitsara

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nefananidzo yakakodzera. Mumapoka avo vadzidzi ngavaumbe zvirevo zvine fananidzo.

Mazadzisirwo ezvirevo zvefananidzo zviri mubhuku revadzidzi ndeaya:

- | | |
|------------|---------------|
| 1 chapungu | 6 chipfukuto |
| 2 mari | 7 mhiripiri |
| 3 dahwa | 8 shiri |
| 4 dombo | 9 hove |
| 5 gurwe | 10 kiti/katsi |

E. Mazita

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nemazita. Mumapoka avo vadzidzi ngavaumbe zvirevo zvine mazita.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | |
|--------------|---------------|
| 1 sarungano | 6 shupa |
| 2 gota | 7 chirigo |
| 3 goremuचेचे | 8 chimwayange |
| 4 fende | 9 dongo |
| 5 manje | 10 tsvingu |

F. Rondedzero yetsananguro

Nyora rungano rwakakunakidza

Vadzidzi ngavaite ngano. Mumapoka avo ngavanyore rungano rwavanoda. Mumwe nemumwe ngaanyore rungano rwakamunakidza mubhuku rake.

G. Mazita emhuka nevana vadzo

Vadzidzi ngavazadzise mhuka nevana vadzo zviripabambiri. Mumapoka vadzidzi ngavataure mhuka mbiri nevana vadzo.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeizi:

- 1 mhuru
- 2 handa
- 3 mbwanana
- 4 tsvana
- 5 chiduwa
- 6 ganyamatope
- 7 nzvenzvana
- 8 rakadzi
- 9 zana
- 10 shokorana

Mitambo yepasichigare: Mbakumba

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kunyora tsumo ine dudziro yakapiwa.
- f** kuzadzisa zvirevo nezvipauro.
- g** kunyora rondedzero.
- h** kuverenga girafu nekupindura mibvunzo.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Mufananidzo wevanhu vari kudzana.
- Ngoma, hoshu, magagada.
- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine tsumo.
- Bhambiri rine zvipauro.
- Bhambiri rine girafu.
- Makadhi ane basa remapoka.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro reChishanu peji 13-20.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (junior) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataure mitambo yepasichigare yavanoziva. Mumapoka avo vadzidzi ngavaite mitambo iyi. Vanenge vagona kuita zvidobidobi ndivo vanenge vatora mukombe.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- Inotandadza, inosimbisa mabhonzu, mimwe inowanisa mari uye inopa mukurumbira.
- Mitambo inoitwa kunzvimbo dzakasiyana-siyana muZimbabwe semuzvikoro, mumisha nepagungano.
- Vana vechikoro, vakuru uye chero munhu anogona kutamba mitambo.
- Chapungu Kraal, Masvingo eZimbabwe nepanenge pakaungana vanhu.

Mazwi muushoma

Mazwi ari mubhuku revadzidzi anogona kuiswa muushoma seizvi:

- | | | | |
|----------|---------|----------|-------|
| a | mutambi | e | rwiyo |
| b | dehwe | f | munhu |
| c | bhande | g | badza |
| d | chuma | h | pfumo |

B. Nzwisiso

Mitambo yepasichigare: Mbakumba

Vadzidzi ngavaverenge ndima iyi. Ngavaite makwikwi ekuverenga vosarudza nyanzvi yekuverenga yevhiki iyoyo.

Kupindura mibvunzo yenzwisiso

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----------|---|-----------|---|
| 1 | C | 6 | B |
| 2 | A | 7 | B |
| 3 | D | 8 | B |
| 4 | B | 9 | D |
| 5 | B | 10 | D |

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavayeuchidzane manyorerwo epfupiso. Mumapoka avo vadzidzi ngavataure nekunyora pfungwa dzepfupiso. Pfungwa idzi ngavadzibanidze kunyora pfupiso.

Pfungwa dzinogona kubuda ndeidzi:

- Mbakumba yakavambwa neVaKaranga kwaGutu.
- Waitambwa vanhu vachifarira goho guru.
- Vatambi vanopfeka matehwe kana mbikiza muchiuno.
- Mumakumbo vanopfeka manyatera.
- Ngoma dzembakumba imbiri.
- Munhu wese anokwanisa kuridza ngoma.
- Vanodzana vanotevedzera maririro engoma.

D. Tsumo dzine dudziro yakapiwa

Vadzidzi ngavataure dudziro yetsumo vozodoma tsumo ine dudziro yapiwa. Mumapoka ngavape tsumo dzine dudziro iri pakadhi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Kakara kununa kudya kamwe.
- 2 Totenda maruva tadya chakata.
- 3 Chinokanganwa idemo asi chigutsa hachikanganwe.
- 4 Mhembwe rudzi inozvara mwana ane kazhumwi.
- 5 Shiri ine muririro wayo haiuregi.
- 6 Murombo haarovi chine nguwo.
- 7 Hapana mutunhu usina mago.
- 8 Tsapata rukukwe hazvienzani nekurara pasi.
- 9 Ndambakuudzwa akaonekwa nembonje pahuma.
- 10 Kure kwegava ndiko kusina mutsubvu, kune mutsubvu rinofa rasvika.

E. Zvipauro

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nechipauro chakakodzera. Mumapoka avo vadzidzi ngavaumbe zvirevo zvitatu zvine zvipauro.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | |
|------------|------------|
| 1 mbiri | 6 refu |
| 2 refu | 7 mukuru |
| 3 matsvuku | 8 hurefu |
| 4 huru | 9 machena |
| 5 sere | 10 mashanu |

F. Zvimiso

Shandisa zvimiso izvi pazvirevo zvinotevera.

- 1 Vakomana vaiba ava vaigara kuChikanga.
- 2 Vakomana vakaba zvihwitsi, mazepi, mabhesikitsi nemabhuku.
- 3 “Bata mbavha idzo,” akadaidzira mupurisa.
- 4 Ndivanani vakabatwa vachiba?
- 5 Nyaya iyi yakaitika mudhorobha reMutare.
- 6 Wakambosangana naye panzira here?
- 7 Baba vakati, “kubva nhasi handichade kukuona uchiba zvekare”.
- 8 Ndira, Kukadzi, Mbudzi, Zvita naNyamavhuvhu yese mwedzi yegore.
- 9 Unofambirei usiku nhai Chengeto?
- 10 Nyadzi dzinokunda rufu.

G. Rondedzero

Mutambo wandakaona

Vadzidzi ngavakurukurirane manyorerwo erondedzero. Mumapoka avo ngavape pfungwa dzerondedzero iyi.

Ngavanyore rondedzero iyi vachishandisa pfungwa dziri mubhuku revadzidzi.

H. Girafu

Vadzidzi ngavaite basa riri pabhambiri. Mumapoka ngavapindure mibvunzo iri pamakadhi inoenderana negirafu.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revana ndeidzi:

- 1 Makiromita makumi maviri.
- 2 Makiromita makumi masere.
- 3 Makiromita makumi mana.
- 4 Makiromita makumi mapfumbamwe.
- 5 Makiromita makumi mashanu.
- 6 Makiromita zana.
- 7 Makiromita zana nemakumi mashanu.
- 8 Makiromita makumi manomwe.
- 9 Makiromita zana nemakumi matatu.
- 10 Makiromita makumi manomwe.

I. Basa rekuita kumba

Manhamba eChiShona

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revana ndeidzi:

- | | |
|-----------------------------------|------------------------------------|
| 1 Mabhero gumi. | 6 Nhumbi makumi mashanu. |
| 2 Madhongi masere. | 7 Ngoro makumi mapfumbamwe. |
| 3 Zvifambiso makumi maviri. | 8 Ishwa makumi manomwe nenhanhatu. |
| 4 Makwai makumi matatu nemashanu. | 9 Miti makumi masere nemitatu. |
| 5 Dzimba makumi mana nesere. | 10 Majuru zana. |

Kuzadzisa tsumo

- 1 inoregwa ichanaka
- 2 kuti chiropa hachisevesi sadza
- 3 sakunatsa
- 4 moyo muchena
- 5 yamwa
- 6 muna taisireva
- 7 homu chareva
- 8 wenhundurwa
- 9 pfavira ngoma
- 10 gwinyawo

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso vachinyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kupa dimikira rine dudziro yakapiwa.
- f** kunyora nguva dzezviito.
- g** kunyora rondedzero.
- h** kuumba mazwi nemavara akapiwa.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Vana vanoita chimutambo.
- Mifananidzo yezvitengeswa.
- Chitoro chiri muchikoro.
- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine dudziro yemadimikira.
- Bhambiri rine nguva dzezviito.
- Bhambiri rine mavara.
- Makadhi ane basa remapoka.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro reChishanu peji 22-28.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (junior) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataure zvinhu zvinotengeswa uye mutengo wazvo. Mumapoka vadzidzi ngavaite chimutambo chekutenga nekutengeserana. Vanenge vaita zvine unyanzvi ndivo vanenge vatora mukombe.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- Zvinwiwa, zvidyiwa, zvipfeko, midziyo yemumba nezvimwe.
- Kushambadza zvitengeswa, kutaura vachisekerera, kuderedza mitengo, kuteerera zvichemo zvevatengi nezvimwe.
- Ndinomhan'ara kumuridzi wechitoro kana kuna maneja.

Mazwi muuwandu

Mhinduro dzemazwi muuwandu ari mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----------|----------|----------|-----------|
| a | vashandi | e | vatengesi |
| b | zvitoro | f | miromo |
| c | zvingwa | g | mari |
| d | mvura | h | vakomana |

B. Nzwisiso

Kutenga nekutengeserana

Vadzidzi ngavaite makwikwi ekuverenga ndima yenzwisiso iyi vagosarudza shasha yekuverenga.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Mukuru wechitoro.
- 2 naMunashe Chenjerai.
- 3 chingwa
- 4 Kodzero yekuteererwa zvichemo.
- 5 Tinashe
- 6 Aimanyira kunoono bhora muchivhitivhiti.
- 7 kutsamwa
- 8 Kuvira kana kufashaira.
- 9 Aidei akamupa chimwe chingwa chakanaka kana kumudzosera mari.

10 Akanyepa kuti ainge asina kumboona mutengi uyu.

11 Akaramba kutambira chirisiti chezvatengwa.

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavataure pfungwa dzepfupiso iyi. Ngavabatanidze pfungwa idzi kuumba pfupiso. Mumwe nemumwe ngaanyore pfupiso mubhuku rake. Mudzidzisi ngaayeuchidze vadzidzi kuti vasadaridza mazwi ataurwa.

Dzimwe pfungwa dzinobuda ndeidzi:

- kutora chingwa muchitoro.
- kubhadhara.
- kunoono kuti chingwa chainge chashata asvika kumba.
- kudzokera kuchitoro.
- mutengesi anoti haana kumboona mutengi uyu.
- kuramba kutambira chirisiti.

D. Kupa dimikira rine dudziro yakapiwa

Vadzidzi ngavape madimikira ane dudziro dziri pabhambiri. Mumapoka vadzidzi ngavape dimikira rine dudziro iri pamakadhi.

Mhinduro dzebaso riri mubhuku revana ndeidzi:

1 Kuve nemoyo mukukutu.

2 Kuruma chirebvu.

3 Kurimirana kumiganhu.

4 Kuve nemukaka pamhino.

5 Kuve hari yofanzirofa.

6 Kukanda tsoka.

7 Kuzvidya moyo.

8 Kubatiswa dombo.

9 Kukanda mapfumo pasi.

10 Kusona muromo.

E. Nguva dzezviito: Zvakaitika, zviri kuitika nezvichaitika

Zvakaitika, zviri kuitika nezvichaitika

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri neinzwi rakakodzera. Ngavanyore baso riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | |
|---------------|-----------------|
| 1 akatenga | 6 ndiri kufunga |
| 2 ndichakwira | 7 yakanyorwa |
| 3 adzingwa | 8 ndichanotamba |
| 4 ndichaenda | 9 ndiri kumwa |
| 5 ndakawana | 10 ndakanhonga |

F. Rondedzero yetsananguro

Zvandakasangana nazvo muchitoro

Vadzidzi ngavataure pfungwa dzerondedzero iyi. Mumapoka avo vadzidzi ngavanyore rondedzero iyi vachishandisa pfungwa dzavapa.

Mumwe nemumwe ngaanyore rondedzero iyi achishandisa pfungwa dziri mubhuku revadzidzi.

G. Dambanemazwi

Vadzidzi ngavaumbe mazwi vachishandisa mavara ari pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavaumbe mazwi.

Mamwe mazwi anoubika patsoro iri mubhuku revadzidzi ndeaya:

kuigochera	chingwa	ngwaru	nyuchi	urwa
redu	burwa	rema	uya	yauya
guruva	ruva	guru	wana	hembe
inda	rudo	ona	rinda	

H. Basa rekuita kumba

Mhinduro dzekududzira madimikira ari mubhuku revana ndeidzi:

- | | |
|--------------------------------|---------------------------|
| 1 kutya | 6 kuita munyama |
| 2 kugarira pasina | 7 kunakirwa |
| 3 kufambira pasina | 8 kutiza |
| 4 kumukira mangwanani-ngwanani | 9 kuzvishingisa |
| 5 kusangana musingafungiri | 10 kutumwa worega kudzoka |

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima vachitevedzera zvimiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kuzadzisa zvirevo nenyaudzosingwi dzine dzokororo.
- f** kushandisa hameno, kana nanyangwe muzvirevo.
- g** kunyora hurukuro.
- h** kuzadzisa zvirevo nemabasa akasiyana-siyana.

Zvombo zvichashandiswa

- Vadzidzi vari muchimutambo.
- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine nyaudzosingwi.
- Bhambiri rine mazwi.
- Bhambiri rine mabasa.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro reChishanu peji 1-6.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (junior) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vana ngavataurirane kuipa kwekutiza chikoro. Mumapoka vadzidzi ngavaite chimutambo chemwana anotiza chikoro. Vadzidzi ngavadome boka raita zvakanaka. Boka iri ndiro ratora mukombe.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- kunyimwa chikafu, shuku, kushungurudzwa nehama.
- hauzodarikirwi nezvidzidzo.
- unobudirira pazvidzidzo.
- unosangana nezvikara kana kurumwa nenyoka, kuchekwa nemabhinya.
- kurumwa, kuurawa, kudzingirirwa, kupondwa.

Mazwi anopikisana

Mhinduro dzemazwi ari mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----------|----------|----------|--------------|
| a | kudzoka | e | vapenyu |
| b | kwira | f | chakanaka |
| c | chokwadi | g | kuwana |
| d | vabuda | h | hwamushatira |

B. Nzwisiso

Kutiza chikoro kwakaipa

Vadzidzi ngavaverenge hurukuro iyi vachiita sechimutambo. Ngavasarudze vaverenga zvinofadza, ndivo vanenge vatora mukombe.

Mhinduro dzemibvunzo yehurukuro iyi pamibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 ndiDzingirai
- 2 kwaChikwekwete / kuBuhera
- 3 kusheedzera
- 4 vange vashaika
- 5 ainge asina mbuva
- 6 aigona kurumwa nenyoka
- 7 aigona kuchekwa nemadusvuramoyo
- 8 kutambura zvikuru
- 9 kuti asadarikirwa nezvidzidzo agobudirira
- 10 Anorovha chikoro anodarikirwa nezvidzidzo ozokonewa.
- 11 Anogona kuvatsvagira mabato anobatsira vana obhadharirwa mari yechikoro.

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavataurirane zvinotarisirwa mupfupiso. Mumapoka avo ngavanyore pfungwa dzepfupiso iyi. Ngavabatanidze pfungwa idzi kuumba pfupiso.

Pfungwa dzinobuda ndeidzi:

- Kurumwa nezvikara
- Kushaya anokuona
- Kunge uri wega musango
- Kutambura
- Kudarikirwa nezvidzidzo

D. Nyaudzosingwi dzine dzakororo

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviripabambiri nenyaudzosingwi. Mumapoka vadzidzi ngavaumbe zvirevo zvavo zvine nyaudzosingwi dzakadzakororwa.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | |
|-----------------|----------------|
| 1 nyahwa nyahwa | 6 gude gude |
| 2 vhai vhai | 7 boi boi |
| 3 pidigu pidigu | 8 pfau pfau |
| 4 petu petu | 9 vare vare |
| 5 kata kata | 10 vhu-u vhu-u |

E. Kushandisa 'Hameno', 'kana' uye 'nyangwe'

Vadzidzi ngavashandise mazwi aya muzvirevo. Mumapoka vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviripamakadhi avo.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | |
|-----------|-----------|
| 1 hameno | 6 hameno |
| 2 nyangwe | 7 nyangwe |
| 3 kana | 8 kana |
| 4 nyangwe | 9 nyangwe |
| 5 kana | 10 hameno |

F. Rondedzero yehurukuro

Nyora hurukuro pakati pemudzidzisi nemwana anotiza chikoro.

Vadzidzi ngavakurukure manyorerwo ehurukuro. Mumapoka avo vadzidzi ngavaite chimutambo chehurukuro iyi.

Vanenge vaita zvinozadza mukombe ndivo vanenge vabudirira. Vadzidzi ngavanyore hurukuro iyi mumabhuku avo.

G. Mabasa akasiyana-siyana

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri neinzwi rakakodzera. Mumapoka vadzidzi ngavaumbe zvirevo zvine mabasa akasiyana-siyana.

Vana ngavanyore basa riri mumabhuku evadzidzi.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|------------|----|-----------|
| 1 | homwe | 6 | hombarume |
| 2 | chiremba | 7 | sahomwe |
| 3 | mhizha | 8 | nyanduri |
| 4 | mudzidzisi | 9 | gweta |
| 5 | sarungano | 10 | nyamukuta |

H. Enzaniso

Vana vanonyora mitsara vachishandisa rwizi, gondo, mhupo, mvura uye mavhu.

Dzokororo yekutanga

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Mugwenga reSahara
- 2 nedhaka rega
- 3 munzvimbo dzakasiyana-siyana kana mutende
- 4 nematanda nemicheka inobva pamambava engamera
- 5 kuti asatorwe nemhepo
- 6 Mugwenga hamunyanyi kunaya.
- 7 Bundo
- 8 Chara chimwe hachitswanyi inda.
 - Rume rimwe harikombi churu.
 - Gunwe rimwe haritswanyi inda.
- 9 Mwana asingachemi anofira mumbereko.
- 10 kusanyara kana kusasvoda
- 11 kuzvipinza mumatambudziko
- 12 kurwadziswa
- 13 dhu-u
- 14 rezu rezu
- 15 piti piti
- 16 gwidi
- 17 gunere
- 18 rupiza
- 19 vanovengana
- 20 nhema
- 21 akanganwa
- 22 mitswi
- 23 matare
- 24 Chenjerai akati, “Ndikadzidza nesimba ndinoda kuzoita chiremba.”
- 25 Matomatisi, hanyanisi, munyu nemhiripiri zvinoiswa munyama.

Kukosha kwemukaka waamai

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kududzira zvirahwe.
- f** kudoma zambiringa munyemba.
- g** kunyora rondedzero.
- h** kuverenga girafu.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Mufananidzo waamai vari kuyamwisa mwana mucheche.
- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine zvirahwe.
- Bhambiri rine zambiringa munyemba.
- Bhambiri rine girafu.
- Makadhi ane basa remapoka.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro reChishanu peji 38-44.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (junior) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataurirane kukosha kwemukaka waamai. Mumapoka avo vadzidzi ngavataurirane zvakanakira mukaka waamai.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- Une kudya kwese kwakakosha.
- Une kudziya kwakaringana, une masoja anodzivirira zvirwere.
- Mwedzi mitanhatu.
- Gore nemwedzi mitanhatu.
- Vana ava vanenge vasina utano hwakanaka, vanogara vachirwara-rwara.
- Inzwi rinoreva zvakafanana nerakapiwa.

Mhinduro dzebasa iri mubhuku revana ndeidzi:

- | | | | |
|----------|------------------------|----------|----------------------------------|
| a | murairidzi | e | mahara |
| b | zvihombe | f | chikafu |
| c | hosha kana denda | g | kasika kana chimbidza |
| d | mumbudu kana muhombodo | h | vanokurumidza kana vanochimbidza |

B. Nzwisiso

Kukosha kwemukaka waamai

Vadzidzi ngavaverenge ndima iyi mumapoka avo. Ngavaverenge vosarudza shasha iyo ichakwikwidzana nevamwe pobuda nyanzvi yekuverenga yevhiki iyoyo.

Kupindura mibvunzo yenzwisiso

Mhinduro dzemibvunzo yenzwisiso iri mubhuku revana ndeidzi:

- | | | | |
|----------|---|-----------|---|
| 1 | D | 6 | D |
| 2 | C | 7 | B |
| 3 | A | 8 | A |
| 4 | D | 9 | A |
| 5 | C | 10 | A |

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavataurirane manyorerwo epfupiso. Mumapoka vadzidzi ngavataure pfungwa dzepfupiso iyi. Ngavabatanidze pfungwa idzi kuumba pfupiso.

Dzimwe pfungwa dzepfupiso ndeidzi:

- Une kudya kwakakosha.
- Une masoja anodzivirira zvirwere.
- Une kudziya kwakaringana.
- Hautengwi.
- Chikafu chizere.

D. Kududzira zvirahwe

Vadzidzi ngavaite mapoka maviri, rimwe richipa chirahwe rimwe richidudzira. Mudzidzisi ngaanyore chibodzwe kuna avo vanenge vagona kududzira zvirahwe. Boka rinenge rawana zvibodzwa zvizhinji ndiro rinenge ratora mukombe.

Mhinduro dzezvirahwe zviri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | |
|-------------|-----------|
| 1 zongororo | 6 nyoka |
| 2 gurwe | 7 ngoma |
| 3 mumvuri | 8 hope |
| 4 derere | 9 gotsi |
| 5 rinda | 10 mujuru |

E. Zambiringa munyemba

Vadzidzi ngavatsvake zambiringa munyemba pamazwi ari pabhambiri. Ngavape chikonzero. Mumapoka avo ngavatsvake zambiringa munyemba pamazwi ari pamakadhi vachipa chikonzero. Ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | |
|-----------|---------------------------|
| Chirimo | – harisi divi. |
| Chamhembe | – hausi mwedzi wegore. |
| Gokwe | – harisi guta. |
| Ndiro | – haishandiswi muchikoro. |
| Musoro | – hausi chiito. |

Gurwe	– harisi nhengo yemuviri.
Mbudzi	– haibhururuki.
Bhuku	– harisi chirimwa.
Motokari	– haishandiswi mumunda.
Ndege	– haifambi mumugwagwa.

F. Rondedzero yetsananguro

Kukosha kwevabereki

Vadzidzi ngavataurirane kukosha kwevabereki. Mumapoka vadzidzi ngavanyore pfungwa dzekukosha kwevabereki. Mumwe nemumwe ngaabatanidze pfungwa idzi kuumba rondedzero.

Ngavanyore rondedzero iyi mumabhuku avo.

G. Kuverenga girafu

- 1 Bvunzo yechipiri kana yepiri.
- 2 Bvunzo yechishanu kana yeshanu.
- 3 Mamakisi makumi mashanu.
- 4 Mamakisi makumi mapfumbamwe.
- 5 Bvunzo yetatu neyechina.
- 6 Bvunzo yechishanu.
- 7 Mamakisi zana negumi.
- 8 Mamakisi makumi mana.
- 9 Mamakisi gumi.
- 10 Mamakisi zana nemakumi masere.

H. Basa rekuita kumba

Mhinduro dzebasa rakapiwa ndeidzi:

- | | |
|-------------|-------------------------------|
| 1 kuma | 6 kubva panzvimbo uchipada |
| 2 hukura | 7 kusangana musingafungiri |
| 3 imba | 8 _____serisakambodiwa nyama. |
| 4 kukuridza | 9 _____ridza. |
| 5 kufarisa | 10 Pfavira ngoma _____. |

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima vachitevedza zvimiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kushandisa madimikira mumitsara.
- f** kutanga chirevo nanyakuitirwa.
- g** kunyora tsamba yebasa.
- h** kunyora mitupo nezvidawo.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Dzimudzangara kana nharembosha ine rwiyo rwechitendero chechiKristu.
- Zvitai-tai zvine mazwi matsva.
- Bhambiri rine zvimiso.
- Bhambiri rine madimikira.
- Bhambiri rine zvirevo zvanyakuitirwa.
- Bhambiri rine tsamba yebasa.
- Bhambiri rine mitupo nezvidawo.
- Makadhi ane basa remapoka.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro reChishanu peji 45-51.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (junior) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataure zvinoitwa pachitendero cheChiKristu. Mumapoka vadzidzi ngavaimbe nziyo vachitevedzera zvinoitwa neVaKristu. Ngavataridzane zvavaita mumapoka potsvakwa boka raita zvinonakidza ndiro richazoimba nevamwe vana vese.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- ChiKristu.
- muBhaibheri.
- Adamu naEvha, Sauro, David naGoliath nedzimwe.
- Svondo, Mugovera, Chishanu.

Mazwi anoreva zvakapesana

Mhinduro dzemazwi anoreva zvakapesana ari mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----------|-------------|----------|---------|
| a | mwanasikana | e | mukadzi |
| b | mudiki | f | adzoka |
| c | sunungura | g | vashoma |
| d | vatadzi | h | zvidiki |

B. Nzwisiso

Sauro weTasasi

Vadzidzi ngavataure zvimiso nemabasa azvo. Mumapoka avo vadzidzi ngavaverenge vachitevedza zvimiso. Ngavasarudze shasha iyo ichazokwikwidzana kuverenga nedzimwe shasha pozoonekwa nyanzvi yekuverenga.

Vadzidzi ngavapindure mibvunzo yenzwisiso yavachabvunzwa nemudzidzisi. Ngavanyore basa riri mumabhuku avo ekuverenga.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----------|----------|-----------|----------------------------------|
| 1 | Tasasi | 6 | Jerusalem |
| 2 | waMwari | 7 | zvinhu zvakaita samakwati ehove |
| 3 | Damascus | 8 | Pauro |
| 4 | matatu | 9 | Aita kuti aparidze shoko raMwari |
| 5 | Ananias | 10 | kuve neutsinye |

C. Pfupiso

Zvakasanganikwa nazvo naSauro paakazotendeuka

Vadzidzi ngavataure zvakaita Sauro kusvika azotendeuka. Mumapoka vadzidzi ngavanyore pfungwa. Ngavabatanidze pfungwa idzi kuumba pfupiso. Mumwe nemumwe ngaanyore pfupiso.

Pfungwa dzinobuda ndeidzi:

- Sauro aienda kuDamascus kunouraya vaKristu.
- Munzira akapenyera nechiedza.
- Akanzwa inzwi.
- Sauro akawira pasi.
- Akaita bofu.
- Akazosvinudzwa naAnanias.
- Sauro anoudzwa kuti aende kunoparidza shoko raMwari.
- Anotendeuka oshandura zita.

D. Kushandisa madimikira mumitsara

Vadzidzi ngavape dimikira patsanangudzo yapiwa pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavape tsananguro uye dimikira rinoenderana netsananguro yakapiwa.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revana ndeidzi:

- aisa zvitanda munzeve.
- akatsika madziro.
- nemoyo mukukutu.
- vakarimirana kumuganhu.
- hari yofanzirofa.
- akabereka tsoka.
- kutemwa dzinobuda ropa.
- vakaita mawiramombe.
- ane ruoko.
- akazvisikira moto muziso.

E. Kutanga chirevo nanyakuitirwa

Vadzidzi ngavadome nyakuita nanyakuitirwa pazvirevo zviri pabhambiri. Mumapoka avo ngavatange zvirevo nanyakuitirwa.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | |
|-------------------------------------|--|
| 1 Vatsvene vaurawa naSauro. | 6 Pagombo parimwa nejaya. |
| 2 Mukomana arumwa nenyoka. | 7 Nhumbi dzawachwa nemhandara iya. |
| 3 Mvura yacherwa naMirirai. | 8 Magetsi atungidzwa naSorobhi. |
| 4 Huni hobvu dzatsvakwa nemusikana. | 9 Chimutambo chaitwa naVharazipi. |
| 5 Mupini murefu wavezwa nasekuru. | 10 Rwiyo runonakidza rwaimbwa naMacheso. |

F. Rondedzero yetsamba yebasa

Vadzidzi ngavataurirane manyorerwo etsamba yebasa. Mumapoka avo vadzidzi ngavape pfungwa dzetsamba iyi. Vadzidzi ngavanyore tsamba yebasa vachishandisa pfungwa dziri mubhuku revadzidzi.

G. Mitupo nezvidawo

Vana ngavadome mitupo yavo nezvidawo zvavo. Mumapoka vadzidzi ngavazadzise mitupo nezvidawo zviri pamakadhi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revana ndeidzi:

- | | |
|----------------|-------------|
| 1 Gwai | 6 Shava |
| 2 Madyirapanze | 7 Samaita |
| 3 Mukanya | 8 Tsivo |
| 4 Beta | 9 Moyo |
| 5 Moyo | 10 VaMwenyi |

H. Basa rekuita kumba

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revana ndeidzi:

- | | |
|--------------------------|----------------|
| 1 mubuwe kana mumusingwi | 6 mugombo |
| 2 hacha | 7 akariwana |
| 3 mazimbe | 8 akatsinzinya |
| 4 isimbe | 9 yakasviba |
| 5 zvinokat yamadza | 10 kure |

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kududzira nyaudzosingwi mukunyora.
- f** kuzadzisa zvirevo nemazita.
- g** kunyora rondedzero.
- h** kuverenga girafu remakiromita nekupindura mibvunzo.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine nyaudzosingwi.
- Bhambiri rine mazita.
- Bhambiri rine girafu remakiromita.
- Makadhi ane basa remapoka.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro reChishanu peji 52-57.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (junior) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataure zvinoitwa nemadusvuramoyo. Mumapoka avo vadzidzi ngavaite chimutambo chekubatwa nemadusvuramoyo. Vanenge vaita zvinozadza mukombe ndivo vanenge vari nyanzvi.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- Madusvuramoyo zvinoreva vanhu vanouraya vanhu vatora moyo yavo.
- Anouraya vanhu nekutengesa mitezo.
- Kuuraya vanhu hakutenderwi.
- Kuwana mari nekuuraya munhu hakuna kunaka.
- Ngatisafambe tiri tega musango.
- Ngatimhan'are kumapurisa kana tikaona munhu watinofungira kuti idusvuramoyo.
- Ngatitize kana taona munhu watinofungira kuti idusvuramoyo.

Mazwi muushoma

Mhinduro dzemazwi muushoma ari mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----------|-------------|----------|---------|
| a | dusvuramoyo | e | nzvimbo |
| b | mubereki | f | chikoro |
| c | mutumbu | g | mwoyo |
| d | mupurisa | h | mwana |

B. Nzwisiso

Chenjerai madusvuramoyo

Kuverenga

Vadzidzi ngavaverenge ndima iyi vachidana mazwi nemazvo. Mumapoka avo ngavaverenge vagotsvaka shasha yeboka ravo.

Kupindura mibvunzo yenzwisiso

Vadzidzi ngavapindure mibvunzo yenzwisiso yavabvunzwa nemudzidzisi. Vadzidzi ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 KuZhombe
- 2 Beemine kana Somapani
- 3 VaChakwesha
- 4 mwoyo
- 5 vatatu
- 6 mapurisa
- 7 Chidhumo
- 8 kuti vazobatsirana kana vaona madusvuramoyo
- 9 ngatichenjerere
- 10 kufamba vari chikwata / kuzivisa mapurisa kana vaona wavanenge vafungira kuti idusvuramoyo

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavataure manyorerwo epfupiso nezvinotarisirwa mupfupiso. Mumapoka vadzidzi ngavape pfungwa dzepfupiso iyi. Vadzidzi ngavabatanidze pfungwa idzi kumba pfupiso.

Pfungwa dzinobuda ndeidzi:

- Kuvandira vana vechikoro.
- Kudzingirira vana.
- Vana vaisara kumashure vaibatwa.
- Vaibata vana vaifamba vega.
- Kuuraya vana.
- Kutora moyo.
- Kusiya mutumbu musango.
- Kutengesa moyo.

D. Kududzira nyaudzosingwi

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri neinzwi rakakodzera. Mumapoka avo vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviri pamakadhi. Ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | |
|-------------|-------------|
| 1 kuenda | 4 kupenya |
| 2 kusvibira | 5 kutinhira |
| 3 kubuda | 6 kutiza |

- 7 kumhara
- 8 kubaka

- 9 kuvhuvhuta
- 10 kuchena

E. Mazita

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nemazita akakodzera. Mumapoka vadzidzi ngavaumbe zvirevo zvavo zvine mazita. Ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revana ndeidzi:

- | | |
|------------|------------|
| 1 chongo | 6 shupa |
| 2 mwenga | 7 pfunda |
| 3 hodya | 8 nyachide |
| 4 tsikombi | 9 bikiro |
| 5 mbonga | 10 tsiru |

F. Rondedzero yetsananguro

Rondedzera zuva rausingakanganwe.

Vadzidzi ngavataurirane manyorerwo erondedzero. Vadzidzi ngavataure pfungwa dzerondedzero iyi. Mumapoka vadzidzi ngavanyore pfungwa dzerondedzero iyi vozoverengerana. Mumwe nemumwe ngaanyore rondedzero iyi mubhuku rake.

G. Girafu remakiromita

Vadzidzi ngavapindure mibvunzo iri pabhambiri ine girafu remakiromita. Mumwe nemumwe ngaapindure mibvunzo iri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Makiromita makumi maviri.
- 2 Makiromita makumi mashanu.
- 3 Makiromita makumi masere.
- 4 Makiromita makumi matanhatu.
- 5 Nguva dzechinomwe.
- 6 Nguva dzegumi.
- 7 Nguva dzenhanhatu.
- 8 Makiromita makumi matanhatu.

- 9 Makiromita makumi matatu.
- 10 Makiromita makumi maviri.

H. Basa rekuita kumba

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revana ndeidzi:

- 1 mainini
- 2 sekuru
- 3 muroora
- 4 mukuwasha
- 5 muramu
- 6 vatete
- 7 muzukuru
- 8 vamwene
- 9 sekuru
- 10 vatezvara

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kushandisa nyaudzosingwi muzvirevo.
- f** kuzadzisa zvirevo neinzwi rakakodzera.
- g** kunyora rondedzero.
- h** kuzadzisa zvirevo nemazwi eukama.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine zvirevo.
- Bhambiri rine mazwi eukama.
- Makadhi ane basa remapoka.
- Nharembozha kana dzimudzangara ine rwiyo rwerusununguko.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro reChishanu peji 58-64.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (junior) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataure nezvezororo. Ngavataure mabasa avanoita pazororo uye zvavanoita panguva dzavanenge vakazorora. Mumapoka avo ngavaite chimutambo chekurovererwa kwaJesu pamuchinjikwa. Vanenge vagona kuita kudarika vamwe ndivo vanenge vatora mukombe.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

Kubvumbi, Nyamavhuvhu naZvita.

Vanosuka ndiro, kutsvaira mumba, kubika, kufudza zvipfuwo, kutsvaka huni, kuwacha nemamwe mabasa.

Bhora revakomana nerevasikana, chuti, rakaraka, bhekari nemimwe.

Masvingo eZimbabwe, Mapako eChinhoyi, dhamu reKariba, Mapopoma eVhikitoriya nedzimwe.

Mazwi muushoma

Mhinduro dzemazwi muushoma ari mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----------|--------|----------|----------|
| a | zuva | e | chivakwa |
| b | chivi | f | mudziyo |
| c | rwiyo | g | chekudya |
| d | mutema | h | chombo |

B. Nzwisiso

Zororo rasvika

Vadzidzi ngavaverenge mazwi ari pazvitai-tai. Mumapoka vadzidzi ngavaverenge ndima vachidana mazwi nemazvo. Ngavasarudze shasha dzemapoka dzekuverenga. Shasha idzi ngadzikwikwidzane pozobuda nyanzvi yekuverenga yevhiki.

Kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora

Vadzidzi ngavapindure mibvunzo iri mubhuku revadzidzi vachinyora.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----------|---------------|----------|----------|
| 1 | Nyasha | 4 | Gorokota |
| 2 | kuMasvingo | 5 | VaJudha |
| 3 | Muna Kubvumbi | 6 | matatu |

- | | |
|---|---|
| <p>7 18 Kubvumbi 1980</p> <p>8 Masvingo eZimbabwe</p> | <p>9 kuti Zimbabwe yave nerusununguko uye yava kutongwa nevatema.</p> <p>10 Zvakawanda chaizvo.</p> |
|---|---|

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavataure zvisingadiwe kunyorwa mupfupiso. Mumapoka avo, vadzidzi ngavataure pfungwa dzepfupiso iyi vachinyora pasi. Mumwe nemumwe ngaabatanidze pfungwa idzi kuumba pfupiso.

Pfungwa dzinogona kubuda ndeidzi:

- Kurangarira kufa kwaJesu.
- Kuita mitambo.
- Kuteerera shoko rekufa kwaJesu.
- Kupemberera rusununguko rweZimbabwe.
- Kutamba mimhanzi.
- Kudya zvinonaka.
- Kuenda kuMasvingo eZimbabwe kunoona zvivakwa, midziyo, zvombo zvekare.

D. Kushandisa nyaudzosingwi mumitsara

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nenyaudzosingwi yakakodzera. Mumapoka vadzidzi ngavaumbe zvirevo zviviri zvine nyaudzosingwi. Ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | |
|--|---|
| <p>1 ngara ngara</p> <p>2 ga</p> <p>3 dhi-i</p> <p>4 shutu</p> <p>5 dzatu</p> | <p>6 tuku tuku</p> <p>7 zvii</p> <p>8 tashu</p> <p>9 togo</p> <p>10 zifa</p> |
|--|---|

E. Inzwi rakakodzera

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri neizwi rakakodzera. Mumapoka avo vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviri pamakadhi. Ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|-----|----|---------|
| 1 | uyu | 6 | urwu |
| 2 | umu | 7 | umo |
| 3 | apo | 8 | kwedu |
| 4 | apo | 9 | dzedu |
| 5 | ari | 10 | inonaka |

F. Kushandisa chifemo (,)

Vadzidzi ngavaise chifemo pakakodzera sezviri pamitsara yakagadziriswa pazasi.

- 1 Zimbabwe yakapoteredzwa neMozambique, Zambia, South Africa neBotswana.
- 2 Pamba pavo pane madhongu, n'ombe, huku, mbudzi uye makwai.
- 3 Atenga ndiro, chipunu, poto nemugomo.
- 4 Howa, hove, harati nemakurwe zvinowanikwa muzhizha.
- 5 Mimwe mwedzi yegore ndeinoti Kubvumbi, Bandwe, Chikumi, Chikunguru naNyamavhuvhu.
- 6 Zvikara zvesango zvinoti shumba, ingwe, dindingwe, bere uye nyati.
- 7 Ndinofarira michero inoti nyii, shumha, mashuku, nhengeni netsvoritsvoto.
- 8 Hove, ngwena, kamba negakanje zvinogara mumvura.
- 9 Zvifambiso zvomugwagwa zvinoti dutavanhu, motokari, chimudhudhudhu nebhizautare.
- 10 Tinogara namai, baba, mbuya, vatete nasekuru.

G. Rondedzero yetsananguro

Kukosha kwevabereki

Vadzidzi ngavataure manyorerwo erondedzero. Mumapoka avo ngavanyore rondedzero iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore rondedzero iyi mubhuku rake achishandisa pfungwa dziri mubhuku revana.

H. Ukama

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri neinzwi reukama. Mumapoka avo vadzidzi ngavataure zvirevo zvine mazwi eukama. Mumwe nemumwe ngaazadzise zvirevo zviri mubhuku revadzidzi achinyora mubhuku rake.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|------------|----|-----------|
| 1 | babamukuru | 6 | muroora |
| 2 | mukuwasha | 7 | mukuwasha |
| 3 | mbuya | 8 | muroora |
| 4 | tsano | 9 | vatezvara |
| 5 | muramu | 10 | sekuru |

I. Basa rekuita kumba

Kushandisa nyaudzosingwi muzvirevo sekuti:

- 1 Akati pote negwenzi.
- 2 Tsuro yakati warawashu kumuka payaive irere.
- 3 Mukomana akati bherengende mukova.
- 4 Moto wakati ngandu kubaka.
- 5 Upfu hwainge hakati ngwerewere kuchena.
- 6 Akati pindikiti mumba.
- 7 Paakati pembenu akaona akanyorova neziya.
- 8 Ziya rainge richiti teu teu kumeso kwake.
- 9 Dafi rakati kwaku kwaku richienda mumvura.
- 10 Musikana akati ze-e ze-e ndiye pasi do-o.

Bepa rekutanga

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----|---|----|---|
| 1 | B | 21 | B |
| 2 | A | 22 | C |
| 3 | A | 23 | B |
| 4 | B | 24 | B |
| 5 | B | 25 | C |
| 6 | D | 26 | B |
| 7 | B | 27 | C |
| 8 | C | 28 | C |
| 9 | D | 29 | A |
| 10 | B | 30 | C |
| 11 | B | 31 | C |
| 12 | D | 32 | C |
| 13 | A | 33 | C |
| 14 | B | 34 | B |
| 15 | C | 35 | C |
| 16 | C | 36 | C |
| 17 | C | 37 | D |
| 18 | D | 38 | C |
| 19 | D | 39 | B |
| 20 | B | 40 | B |

Bepa rechipiri

Chikamu chekutanga: Rondedzero (mamakisi 20)

Vadzidzi ngavanyore rondedzero imwe chete pane idzi:

- 1 Tsanangura musi wawakarasika mumhute.
- 2 Tsanangura kukosha kwevarimi.
- 3 Nyora hurukuro pakati pasekuru nemuzukuru akamborwara.
- 4 Nyora tsamba kumukuru wenzvimbo uchimuudza matambudziko ari munzvimbo iyi.
- 5 Nyora rondedzero ine musoro unoti, 'Seka urema wafa.'

Chikamu chechipiri: Nzwisiso (5 mamakisi)

- | | | |
|---|--|-----|
| 1 | Ijipita | [1] |
| 2 | Kanani | [1] |
| 3 | Farao | [1] |
| 4 | Mvura yakasangana ikavanyudza | [1] |
| 5 | Mvura yakapanguka nepakati ikaenda kumativi, pakati pakasara pane nzira. | [1] |

Pfupiso (mamakisi 5)

Vadzidzi ngavataure zvakaitika kuvaIsraeri muIjipita nepagungwa dzvuku.

Pfungwa dzinogona kubuda ndeidzi:

- Nyadenga akatuma Moses naAaron.
- Farao aida kushandirwa nevaIsraeri.
- Pakaitika matambudziko.
- Moses akarovera tsvimbo mvura ikapanguka.
- VaIsraeri vakayambuka gungwa dzvuku.

Vadzidzi ngavasadarika mazwi makumi matatu.

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima vachitevedza zvimiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kududzira madimikira.
- f** kushandisa nyora muzvirevo.
- g** kunyora rondedzero.
- h** kutaura nekunyora mhuka nevana vadzo.

Zvombo zvichashandiswa

- Mufananidzo wevanhu vari kuita basa.
- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine madimikira.
- Bhambiri rine nyora.
- Bhambiri rine mhuka nevana vadzo.
- Makadhi ane basa remapoka.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro reChishanu peji 71-76.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (junior) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataure kukosha kwekuita mabasa. Mumapoka avo vadzidzi ngavataure mabasa anoitwa pamusha uye vanhu vanoita mabasa aya.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- kuwacha, kubika, kudiridza mubindu, kutsvaira mumba nemamwe.
- anoita kuti vanhu vadye vachiguta, vagare vakashambidzika, anosimbisa mabhonzoz nezvimwe.
- mabasa anofanira kuitwa nemunhu wese.
- kusona, kurima, kuchengeta zvipfuwo nemamwe.

Mazwi muuwandu

Mhinduro dzemazwi muuwandu ari mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----------|-----------|----------|----------|
| a | zvibereko | e | mabasa |
| b | matemo | f | zvidembo |
| c | zvikomo | g | varume |
| d | nzizi | h | zvoto |

B. Nzwisiso

Basa nderemunhu wese

Vadzidzi ngavaverenge mazwi ari pazvitai-tai vachimadana zvakanaka. Mumapoka vadzidzi ngavaverenge hurukuro iyi vachiita sechimutambo.

Ngavapindure mibvunzo yenzwisiso yevachabvunzwa nemudzidzisi. Mumabhuku avo vadzidzi ngavanyore nzwisiso iri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzemibvunzo yenzwisiso iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Mai nemwana
- 2 Shava
- 3 Vana
- 4 mwana wangu
- 5 kurisa mombe
- 6 kubika, kuwacha
- 7 Mupembezi
- 8 kuti basa nderemunhu wese
- 9 manenji
- 10 Hakuna basa rechikadzi kana rechirume nekuti hakuna asingagone kuita basa chero ripi zvaro.

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavataure zvinodiwa papfupiso. Mumapoka vana ngavanyore pfungwa huru dzepfupiso. Ngavabatanidze pfungwa huru idzi kuumba pfupiso mumabhuku avo.

Pfungwa dzinogona kubuda ndeidzi:

- Vasikana vanogona kurisa mombe.
- Vakomana vanokwanisa kuwacha.
- Mazuvano basa nderemunhu wese.
- Kumabasa vanhu vose vava kuita mabasa ose.
- Zvaitwa kare zvokusiyana mabasa pavanhukadzi nevanhurume zvakaopera.

D. Kududzira madimikira

Vadzidzi ngavadudzire madimikira ari pabhambiri. Mumapoka avo ngavanyore madimikira vomadudzira.

Dudziro dzemadimikira ari mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 kusangana musingafungiri.
- 2 kufarisa
- 3 kuchembera
- 4 kuva wechidiki
- 5 kunyepedzera kuita seunotambura iwe uinazvo
- 6 kunyengedzwa
- 7 kutumwa usingakasiri kudzoka
- 8 kukundikana
- 9 kufambira pasina
- 10 kuita munyama

E. Kushandisa nyora

Vadzidzi ngavaise nyora pazvirevo zviri pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavanyore zvirevo zvine nyora.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Mudhibhisi akati, “Swededzai mombe dzenyu pedo nedhibha dzidhibhe!”
- 2 Tichafa akati, “Unofara here mumwe wangu?”

- 3 “Dai ndakaziva haitungamiri,” vakadaro ambuya vachizvidemba.
- 4 “Unenge usinganzwi iwe Mufaro,” vakadaro mudzidzisi.
- 5 “Wauya wega sei?” Vakadaro VaChamba. “Handiti ndakakuudza kuti usafambe wega?”
- 6 “Murume wako anobva kupi nhai Masibanda?” Vakabvunza vatete.
- 7 “Anobva kuZvishavane,” akapindura Shorai.
- 8 “Musatambira mumvura,” vakadaro VaGobvu, “munotorwa nenjuzu.”
- 9 “Musakanganwa kubvisa chegumi,” vakayeuchidza vanhu mufundisi.
- 10 “Mangwana uuye nemubereki wako,” vakadaro mukuru wechikoro.

F. Rondedzero yetsananguro

Tsanangura basa raunoda kuzoita kana wakura.

Vadzidzi ngavatsanangure manyorerwo erondedzero. Mumapoka avo ngavanyore rondedzero iyi vachishandisa pfungwa dziri mubhuku revadzidzi. Mumwe nemumwe ngaanyore rondedzero iyi mubhuku rake.

G. Mhuka nevana vadzo

Vadzidzi ngavataure mhuka nevana vadzo dziri pabhambiri. Mumapoka avo ngavanyore mhuka mbiri nevana vadzo.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 handa
- 2 inda
- 3 ganyamatope
- 4 nyuchi
- 5 mandishaya
- 6 rereza
- 7 dafi
- 8 mhuru
- 9 tsoko
- 10 chigwihi

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima vachitevedza zvimiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kunyora tsumo dzinoreva zvakafanana.
- f** kuzadzisa zvirevo neinzwi rakakodzera.
- g** kunyora tsamba yebasa.
- h** kunyora midziyo yechinyakare.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Nharembosha kana dzimudzangara rine rwiyo rwekodzero dzevana.
- Bhambiri rine zvimiso.
- Bhambiri rine tsumo.
- Bhambiri rine zvirevo.
- Bhambiri rine tsamba dzebasa.
- Bhambiri rine midziyo yechinyakare.
- Hari, chirongo, mukombe, rupasa.
- Makadhi ane basa remapoka.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro reChishanu peji 77-83.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (junior) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vana ngavataure kodzero dzavo. Mumapoka avo vadzidzi ngavataure zvinoitwa kune avo vanenge vatyora kodzero dzevana.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- Kodzero dzekudzidza, dzekurarama, dzekuchengetwa, dzekurapiswa, dzekutaura vakasununguka, dzerusununguko nedzimwe.
- Havaendesi vana kuchikoro, vanouraya vana, havaendesi vana kuchipatara, havachengeti vana, vanoshungurudza vana, vanotuka vana nezvimwe.
- Vanosungwa nemapurisa.
- Vana ava vanokura vachiremekedza vakuru uye vanokura vakasununguka.

Mazwi anoreva zvakafanana

Mhinduro dzemazwi ari mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | |
|------------------------|------------------------|
| a takwegura | e kuriritirwa |
| b hazvibvumirwi | f kuzvichengeta |
| c kushara | g kuvanga |
| d mimba | h nyatwa |

B. Nzwisiso

Kodzero dzevana

Vadzidzi ngavataure mazita ezvimiso zviri pabhambiri uye mabasa azvo. Ngavaverenge ndima vachitevedza zvimiso. Mumapoka avo ngavasarudze shasha yekuverenga yozokwikwidzana nevamwe posharwa nyanzvi yevhiki iyoyo.

Kupindura mibvunzo yenzwisiso

Vadzidzi ngavapindure mibvunzo yavachabvunzwa nemudzidzisi. Mumapoka avo vadzidzi ngavapindure mibvunzo iri pamakadhi. Ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | |
|------------|------------|
| 1 B | 3 C |
| 2 C | 4 C |

5 A

6 C

7 D

8 B

9 A

10 B

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavataure manyorerwo epfupiso. Mumapoka avo vadzidzi ngavanyore pfungwa dzepfupiso iyi.

Pfungwa dzinogona kubuda ndeidzi:

- Kurera vana.
- Kodzero yekurarama.
- Kodzero yekuratidzwa rudo.
- Kuendeswa kuchikoro.
- Kuendeswa kuchipatara.
- Kutura zvavanoda vakasununguka.
- Kusarudza zvavanoda.

Vadzidzi ngavabatanidze pfungwa idzi mumwe nemumwe onyora pfupiso mubhuku rake.

D. Tsumo dzinoreva zvakafanana

Vadzidzi ngavape tsumo dzinoreva zvakafanana nedziri pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavataure tsumo mbiri dzinoreva zvakafanana.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Onde kutsvukira kunze mukati mune makonye.
- 2 Moyo muti unomera paunoda.
- 3 Gona ana gona wakewo.
- 4 Mhembwe rudzi inozvara mwana ane kazhumwi kana mbudzi kudya mufenje hufana nyina.
- 5 Dai ndakaziva haitungamiri.
- 6 Ateya mariva murutsva haachatyi kusviba magaro.
- 7 Totenda yavira shambakodzi yedemhe.
Totenda maruva tadya chakata.
- 8 Sango rinopa waneta.
- 9 Gengezha mukombe hazvienzani nekumwa nedemhe. / Tsapata rukukwe hazvienzani nekurara pasi. / Chembere mukadzi hazvienzani nekurara mugota.
- 10 Chara chimwe hachitswanyi inda.

E. Izwi rakakodzera

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri neizwi rakakodzera. Mumapoka avo vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviri pamakadhi. Ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|-------|----|------|
| 1 | uyu | 6 | aya |
| 2 | iri | 7 | runo |
| 3 | ava | 8 | iyi |
| 4 | kwehu | 9 | uhwu |
| 5 | idzi | 10 | yose |

F. Rondedzero yetsamba yebasa

Nyora tsamba kumukuru wemapurisa uchivatsanangurira kushungurudzwa kwauri kuitwa kumba kwenyu.

Vadzidzi ngavataurirane manyorerwo etsamba yebasa. Mumapoka avo ngavanyore tsamba iyi vachishandisa pfungwa dziri mubhuku revadzidzi. Mumwe nemumwe ngaanyore tsamba iyi mubhuku rake.

G. Midziyo yechinyakare

Vadzidzi ngavataure midziyo yechinyakare yavanoziva. Mumapoka avo ngavataure mabasa emidziyo yechinyakare. Ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|------------|----|-------------------------|
| 1 | gonan'ombe | 6 | hodzeko |
| 2 | chirongo | 7 | pfuko |
| 3 | hwedza | 8 | chinu |
| 4 | denhe | 9 | tsaiya kana shambakodzi |
| 5 | guchu | 10 | gate |

H. Mitupo nezvidawo

- | | | | |
|---|--------|---|--------------|
| 1 | Gwai | 4 | Madyirapanze |
| 2 | Mateza | 5 | Shumba |
| 3 | Shiri | 6 | Samaita |

- 7 Moyo
- 8 Samanyanga

- 9 Shoko
- 10 Gushungo

I. Basa rekuita kumba

Mazwi anoreva zvakafanana

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revana ndeidzi:

- 1 umhutu
- 2 garwe
- 3 godo
- 4 wakatarisa
- 5 sadoambo
- 6 gavi
- 7 ungwarire
- 8 Usachochora
- 9 mimba kana pamuviri
- 10 mudondo remazhanje

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima vachitevedza zvimiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kuzadzisa zvirevo nefananidzo.
- f** kuzadzisa zvirevo zvenguva dzezviito.
- g** kunyora tsamba kushamwari.
- h** kuzadzisa zvirevo nemazita eukama.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine fananidzo.
- Bhambiri rine nguva dzezviito.
- Bhambiri rine tsamba kushamwari.
- Bhambiri rine zvirevo zveukama.
- Makadhi ane basa remapoka.
- Mufananidzo wemwana.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro reChishanu peji 84-89.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (junior) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavaite gakava rinoti, “Vana ngavaitirwe mabasa ose nevakuru ivo vakagara zvavo.” Vana ngavapinde mumapoka maviri anoti boka rinotsigira musoro uye boka rinopikisa musoro. Mudzidzisi ngaape zvibodzwa kupfungwa ine musoro inenge yataurwa nevadzidzi. Boka rinenge raita zvibodzwa zvakawanda ndiro rinenge ratora mukombe.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revana ndeidzi:

- kunonga marara, kuchenesa nharaunda, kuremekedza vakuru, kurima, kuchengeta zvipfuwo nemamwe.
- zvirimwa, mari, upfumi nezvimwe.
- nyika inobudirira, inoyevedza uye inofuma.
- hunokonzera kuvengana, kugodokerana, shanje, umbavha nezvimwe.

Mazwi anoreva zvakafanana

Mhinduro dzemazwi anoreva zvakafanana ari mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----------|-------------------------------|----------|------------------------|
| a | ndikuraire kana ndikuyambire. | e | Mwari kana Musikavanhu |
| b | kukudza | f | kumhanya zvikuru |
| c | ruremekedzo | g | uchenjeri |
| d | kuzvikudza | h | dikita |

B. Nzwisiso

Hero basa mwanangu

Vadzidzi ngavaverenge detembo iri vachidana mazwi nemazvo vachiita majana. Ngavatsvake nyanzvi yekuverenga detembo.

Kupindura mibvunzo yedetembo

Vadzidzi ngavapindure mibvunzo yavachabvunzwa nemudzidzisi. Mumapoka avo vadzidzi ngavapindure mibvunzo iri pamakadhi. Ngavanyore basa riri mumabhuku evadzidzi.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 kuremekedza
- 2 kukwazisa nekubvunza mufaro

- 3 kuzvitutumadza
- 4 Nyadenga
- 5 kumanya, kuimba, kuita mitambo
- 6 kuraira, kupa mazano kana kuyambira
- 7 kumanya zvikuru
- 8 vane ungwaru nenjere / vane unyanzvi hwemabasa
- 9 Apunyaira haashai misodzi / Sango rinopa waneta
- 10 Kurima nemamwe mabasa

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavataure manyorerwo epfupiso. Mumapoka avo vadzidzi ngavataure pfungwa dzepfupiso iyi. Ngavabatanidze pfungwa idzi kuumba pfupiso. Mumwe nemumwe ngaanyore mubhuku rake.

Pfungwa dzinobuda ndeidzi:

- Kuremekedza vanhu.
- Kuzvirereka.
- Unhu
- Kushandisa zvipo
- Kushandira nyika

D. Nyaudzosingwi

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nenyaudzosingwi yakakodzera. Mumapoka avo vadzidzi ngavaumbwe zvirevo zviviri zvine nyaudzosingwi. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | |
|------------|----------|
| 1 togo | 6 tana |
| 2 piriviri | 7 pfori |
| 3 dzvamu | 8 ngube |
| 4 hutu | 9 gada |
| 5 pamu | 10 ndure |

E. Mazita

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|------------|----|--------------|
| 1 | nherera | 6 | mbonga |
| 2 | gavamwedzi | 7 | goremucheche |
| 3 | mushakabvu | 8 | gwara |
| 4 | vahosi | 9 | mhizha |
| 5 | harahwa | 10 | nyamukuta |

F. Rondedzero yetsananguro

Nyora rondedzero pamusoro pemusi wawakapona nepaburi retsono.

Vadzidzi ngavataurirane manyorerwo erondedzero yenyaya. Mumapoka avo vadzidzi ngavanyore rondedzero iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore rondedzero achishandisa pfungwa dziri mubhuku revadzidzi.

G. Mwaka yegore

Vadzidzi ngavadome mwaka yegore iri pabhambiri. Ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|---------------|----|-----------|
| 1 | nguva dzegore | 6 | munakamwe |
| 2 | mina | 7 | masutso |
| 3 | matsutso | 8 | chando |
| 4 | chando | 9 | zhizha |
| 5 | chirimo | 10 | zhizha |

H. Basa rekuita kumba

Vana vanouya nedudziro kubva kumba.

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima vachitevedza zvimiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kududzira zvirahwe.
- f** kudoma zambiringa munyemba vachipa chikonzero.
- g** kunyora rondedzero.
- h** kuzadzisa zvirevo neinzwi rinoratidza tsika dzedu.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine zvirahwe.
- Bhambiri rine zambiringa munyemba.
- Bhambiri rine tsika dzedu.
- Makadhi ane basa remapoka.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro reChishanu peji 90-96.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (junior) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataure kuti varungu vaidei muZimbabwe. Mumapoka avo ngavataure udzvanyiriri hwaiva nevarungu kuvatema.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- MaPutukezi
- MaBhiritishi
- kuvhima, kuparidza shoko raMwari, kucherwa zvicherwa, kuona nzvimbo, kutengesa nezvimwe.
- Vakabviswa munzvimbo dzine ivhu rakanaka vachiiswa kumaruzevha kune jecha, vainzi vashandire varungu vachibhadharwa mari shomanene, vainzi vabhadhare mutero nezvimwe.

Mazwi anopikisana

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----------|--------------------|----------|----------|
| a | mabvazuva | e | avengana |
| b | akakundikana | f | urombo |
| c | vachida | g | kure |
| d | akundikana /atadza | h | vadzoka |

B. Nzwisiso

Kuuya kwevarungu vekutanga muZimbabwe

Vadzidzi ngavaverenge mazwi ari pabhambiri. Ngavaverenge ndima vachiita majana. Mumapoka avo ngavapindure mibvunzo iri pamakadhi.

Kupindura mibvunzo yenzwisiso

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----------|---|-----------|---|
| 1 | A | 6 | A |
| 2 | B | 7 | C |
| 3 | D | 8 | B |
| 4 | A | 9 | A |
| 5 | C | 10 | D |

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavataure nyaya yekuuya kweMaPutukezi napapfupi. Mumapoka avo ngavataure pfungwa huru dziri mundima.

Pfungwa dzinobuda ndeidzi:

- MaPutukezi aitengesha micheka nemhete.
- Vakauya vaine zvinangwa zvakasiyana-siyana.
- Vatema vaivapa zvicherwa.
- Vatema havana kuvafarira.
- Baba Gonzalo dar Silveira vaiparidza shoko raMwari vakauraiwa nevatema.
- MaPutukezi akachera zvicherwa.
- Changamire Dombo ndiye akazodzinga maPutukezi.

D. Kududzira zvirahwe

Vadzidzi ngavadudzire zvirahwe zviri pabhambiri. Ngavaite mapoka maviri vachipa zvirahwe nekuzvidudzira. Boka rinenge rawana zvibodzwa zvakawanda ndiro rinenge ratora mukombe.

Mhinduro dzezvirahwe zviri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|---------|----|-----------|
| 1 | howa | 6 | derere |
| 2 | soso | 7 | ngoma |
| 3 | mukombe | 8 | mapfihwa |
| 4 | sadza | 9 | zongororo |
| 5 | badza | 10 | hope |

E. Zambiringa munyemba

Vadzidzi ngavadome zambiringa munyemba vachipa chikonzero. Mumapoka avo ngavape mazwi votsvaka zambiringa munyemba vachipa chikonzero.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Dengu – harisi hari.
- 2 Manhanga – haasi miriwo.
- 3 Nhumbi – haisi nhengo yemuviri.
- 4 Mbezo – haishandi mumunda.
- 5 Chivanze – hachisi chiito.
- 6 Mavisi – haasi michero.
- 7 Dumbu – harisi chipfeko.
- 8 Tsuro – inofambisa, inomanyisa.
- 9 Chikepe – hachifambi mumugwagwa.
- 10 Mbuya – ndivo vega vakuru.

F. Rondedzero yetsananguro

Tsanangura hope dzinotyisa dzawakarota. Vadzidzi ngavataure manyorerwo erondedzero. Mumapoka avo ngavataure pfungwa dzerondedzero iyi.

Mumwe nemumwe ngaanyore rondedzero iyi achishandisa pfungwa dziri mubhuku revadzidzi.

G. Tsika dzedu

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nemutauro wedu. Ngavapewo zvirevo zvavo mumapoka zvinotaridza tsika dzedu.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 makorokoto
- 2 titsike usimbe
- 3 makorokoto
- 4 chishava pavarume
- 5 ndine urombo
- 6 tisvikewo
- 7 pamweni
- 8 nedzoi
- 9 pamusoroi
- 10 vakuwisi

H. Basa rekuita kumba

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 parufu
- 2 kana mumwe awirwa nenjodzi
- 3 kana uchitaura pagungano
- 4 kana uchisvika pamba pevanhu
- 5 kana uchisvika panovhiiwa chipfuwo kana mhuka
- 6 kana uchimhoresa munhu wawamboona
- 7 kana uchipfuura pane vanotsvaira
- 8 kana uchimhoresa munhu abva kurufu
- 9 kana munhu akati, “Pachipamwe.”
- 10 kana munhu akati, “Nematambudziko.”

I. Tsika dzakanaka

- 1 Tokubatsirai sei?
- 2 Ndeedu tese.
- 3 Ndinokumbirawo nzeve.
- 4 Ruregerero ndapwanya ndisingazvione.
- 5 Ramba uchishingirira zvinoita.

Dzokororo yechipiri

- 1 Chivangazuva
- 2 Gumiguru
- 3 Chirimo
- 4 pabvute
- 5 musoro, mututu
- 6 mututu
- 7 kumwa mvura yakawanda
- 8 kusatambira muzuva
- 9 unopisa
- 10 uri
- 11 umo
- 12 Kashiri
- 13 sakubaiwa
- 14 mubairo
- 15 kutambura zvikuru
- 16 kutumwa usingakasiri kudzoka
- 17 kukundikana
- 18 tseu
- 19 mbonga
- 20 babamukuru
- 21 inda
- 22 mvumba
- 23 dombo
- 24 “Usasiye magetsi achipfuta,” vakadaro amai.
- 25 Usakanganwe kutora ndiro, poto, chipunu, komichi uye mugoti.

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima vachitevedza zvimiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kushandisa nyaudzosingwi muzvirevo.
- f** kushandisa mavara makuru muzvirevo.
- g** kunyora rondedzero.
- h** kunyora mwedzi yegore muChiShona.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Nharembosha kana dzimudzangara rine rwiyo rwechimurenga.
- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine nyaudzosingwi.
- Bhambiri rine mavara makuru.
- Bhambiri rine mwedzi yegore.
- Makadhi ane basa remapoka.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro reChishanu peji 99-104.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (junior) 2024-2030.

A. Zvekuteerera nekutaura

Vana ngavataure nyaya dzehondo yechimurenga dzavakambonzwa. Mumapoka avo ngavataure zvikonzero zvakaita kuti vatemala varwe nevarungu.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1896 kusvika 1897.
- Vatema nevachena.
- 1966 kusvika 1979.
- Josiah Tongogara, Herbert Chitepo, Simon Muzenda, Jason Moyo, Joshua Nkomo nevamwe.

Mazwi anoreva zvakafanana

Mhinduro dzebasa iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----------|-----------------|----------|-----------------|
| a | vasheedzwa | e | mumatondo |
| b | mhoru | f | vakoshiwa |
| c | kumaruwa | g | vaisakanganirwa |
| d | vasingatenderwi | h | vanobvuma |

B. Nzwisiso

Hondo yechimurenga

Vadzidzi ngavaverenge mazwi ari pazvitai-tai. Mumapoka avo ngavaverenge nyaya iyi vachiita sechimutambo. Boka rinenge ragona kutsetsenura ndiro rinenge ratora mukombe.

Mhinduro dzemibvunzo yenzwisiso iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Kasvisva
- 2 nezvehondo yechimurenga chechipiri.
- 3 kuChinhoi
- 4 1966
- 5 Mumapako, mumakomo nemumasango.
- 6 Yaivapa chikafu, nhumbi nekuvaudza kune muvengi.
- 7 Vaitumwa nevarwi verusununguko. Vaifambisa mashoko.
- 8 Pungwe
- 9 kuti vanhu vazive kuti vairwirei
- 10 Vaida minda yavo, vainzi vabhadhare mitero, vange vachishandira varungu vachipiwa mari shoma, vaisada kutongwa nevarungu.

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavayeuchidzane manyorerwo epfupiso. Mumapoka vadzidzi ngavataure nekunyora pfungwa huru dzinobuda mupfupiso iyi. Ngavabatanidze pfungwa idzi kumba pfupiso.

Pfungwa dzinobuda ndeidzi:

- Chimurenga chechipiri chakatanga kuChinhoyi.
- Vatema vaishungurudzwa nevarungu.
- Varwi vakaenda kune dzimwe nyika kunodzidziswa kurwa.
- Varwi verusununguko vaininge vakabatana nepovho, vanamujibha navanachimbwido.
- Vaisangana papungwe vachitaurirana zvehondo.
- Muhondo makafiwa zvikuru.

D. Kushandisa nyaudzosingwi muzvirevo

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviripabambiri nenyaudzosingwi. Mumapoka vadzidzi ngavaumbe zvirevo zvavo zvine nyaudzosingwi. Ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Jira rainge rakati nyakata kunyorova.
- 2 Akati pfori kuvata mubvute.
- 3 Dutavanhu rakati hutu kuenda.
- 4 Moto wakati ngandu kubaka.
- 5 Chiutsi chakati togo mudenga.
- 6 Akaiti kwetsu mhere yerufu.
- 7 Shiri dzakati dzvamu kubhururuka.
- 8 Akanzi ndure nenyuchi padama.
- 9 Akaswera akati rukutu nebasa raainge aita.
- 10 Chipokati nyechu kunyemwerera.

E. Kushandisa mavara makuru

Vadzidzi ngavataure panoshandiswa mavara makuru. Ngavaise mavara makuru pazvirevo zviripabambiri. Mumapoka vadzidzi ngavanyore zvirevo zvine mavara makuru.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Ndakanga
- 2 Mai, VaMativenga

3 Aenda naChido, Rudo naMaidei.

4 Ndichauya neMugovera

5 Mumwedzi waZvita

6 Baba Shava Museyamwa

7 Sekuru Beitbridge / kuSouth Africa

8 Mudzidzisi VaKufa

9 Sabhuku Gondo

10 Dhamu reKariba Zambezi

F. Rondedzero yetsananguro

Nyora rondedzero ine musoro unoti, “Kukurukura hunge wapotswa.”

Vadzidzi ngavakurukure zvinoreva tsumo iyi. Ngavataure zviitiko zvinozadzisa tsumo iyi. Mumapoka avo vadzidzi ngavanyore rondedzero iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore rondedzero iyi mubhuku rake.

G. Mwedzi yegore

Vadzidzi ngavaite basa riri pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavaite mwaka yegore muChiShona.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revana ndeidzi:

1 Ndira

2 Kukadzi

3 Kurume

4 Kubvumbi

5 Bandwe kana Chivabvu

6 Chikumi

7 Chikunguru

8 Nyamavhuvhu

9 Gunyana

10 Gumiguru

11 Mbudzi

12 Zvita

H. Basa rekuita kumba

Vadzidzi ngavaende kunobvunza vakuru nezvehondo yechimurenga chechipiri vouya mumwe nemumwe achitaura zvaakanzwa.

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima vachitevedza zvimiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kunyora tsumo dzinopikisana.
- f** kunyora zviperengo.
- g** kunyora rondedzero.
- h** kunyora mwaka yegore nezvinoitwamo.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Mureza weZimbabwe.
- Bhambiri rine tsumo.
- Bhambiri rine mwaka yegore.
- Makadhi ane basa remapoka.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro reChishanu peji 105-110.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (junior) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataure ruvara nemifananidzo iri pamureza weZimbabwe. Mumapoka avo vadzidzi ngavataure zvinoreva mavara aya nemifananidzo.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revana ndeidzi:

- Muzvitoro, zvipatara, kamba dzemapurisa nemasoja, mahofisi ehurumende nedzimwe.
- Ruvara rutsvuku, rutema, ruvara rwemashizha nerwegoridhe.
- Shiri yeZimbabwe, nyeredzi netirayiango.
- Kuti vatema vava nerusununguko uye vava kutonga Zimbabwe.

Mazwi anoreva zvakafanana

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----------|-------------|----------|---------------|
| a | nyanzvi | e | mbesa |
| b | takandwa | f | mazimbe |
| c | vakawanda | g | chakata |
| d | achisheedza | h | vachiita basa |

B. Nzwisiso

Mureza weZimbabwe

Vadzidzi ngavaverenge mazwi ari pazvitai-tai. Mumapoka avo vadzidzi ngavaverenge vosarudza shasha yeboka iyo ichazokwikwidzana nedzimwe shasha posharwa nyanzvi yekuverenga yevhiki iyoyo.

Kupindura mibvunzo yenzwisiso

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Sheunesu
- 2 18 Kubvumbi 1980
- 3 Mashanu
- 4 ruvara rwemashizha
- 5 zvicherwa zviri munyika yeZimbabwe
- 6 Ruvara rutsvuku
- 7 Vanhu vatema vari muZimbabwe
- 8 Ruvara ruchena
- 9 zvishuviro zvedu zveupenyu
- 10 Chikoro, chipatara, kamba yemapurisa kana mauto, mahofisi ehurumende.

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavataurirane zvisingadiwe mupfupiso. Mumapoka avo vadzidzi ngavataure pfungwa huru dziri mundima. Ngavabatanidze pfungwa idzi kuumba pfupiso. Mumwe nemumwe ngaanyore pfupiso mubhuku rake.

Dzimwe pfungwa huru dzepfupiso ndeizi:

- Ruvara rwemashizha runomirira zvirimwa nezvinomera.
- Ruvara rwegoridhe rwakamirira zvicherwa.
- Ruvara rutsvuku runomirira ropa rakadeuka muhondo yechimurenga.
- Ruvara ruchena runoreva runyararo.
- Shiri yakamirira nhaka yedu.
- Nyeredzi yakamirira zvishuviro zvedu zveupenyu.

D. Tsumo dzinopikisana

Vadzidzi ngavataure tsumo dzinopikisana nedziri pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavanyore tsumo mbiri dzinopikisana.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeizi:

- 1 Kurera imbwa nemukaka mangwana inofuma yokuruma.
- 2 Chakafukidza dzimba matenga.
- 3 Chaitemura chava kuseva.
- 4 Zingizi gonyera pamwe maruva enyika haaperi.
- 5 Chisi chako masimba mashoma.
- 6 Mwana asingachemi anofira mumbereko.
- 7 Chinono chine ingwe bere rakadya richifamba.
- 8 Mwana washe muranda kumwe.
- 9 Zundu kugara mundove hanzi ndave mombe.
- 10 Apunyaira haashai musodzi.

E. Zviperengo

Vadzidzi ngavaumbe mazwi vachishandisa mavara ari pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavaumbe mazwi.

Mazwi anoumbika pamavara ari mubhuku revadzidzi ndeaya:

dzinga	dzira	rata	nama	rira	tara
tanga	mamwe	ramba	dzimwe	chera	mbudzi
dzimba	chenga	mari	rima	mbama	mbadzi

F. Rondedzero yetsananguro

Rondedzera musi wawakafara.

Vadzidzi ngavataure zviitiko zvinofadza. Mumapoka avo vadzidzi ngavataure pfungwa dzerondedzero iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore rondedzero iyi mubhuku rake achishandisa pfungwa dziri mubhuku revadzidzi.

G. Mwaka yegore

Vadzidzi ngavataure mwaka nezvinoitwamo. Mumapoka avo vadzidzi ngavataure mabasa anoitwa mumwaka wega wega nezvidyiwa.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revana ndeidzi:

- | | | | |
|---|-----------|----|---------|
| 1 | Mina | 6 | Zhizha |
| 2 | Munakamwe | 7 | Chirimo |
| 3 | Chando | 8 | Zhizha |
| 4 | Zhizha | 9 | Chando |
| 5 | Chirimo | 10 | Zhizha |

H. Basa rekuita kumba

- | | | | |
|---|--------------|---|---------------|
| 1 | Rurovanhongo | 3 | Ruvhunzavaeni |
| 2 | Mashambanzou | 4 | Manheru |

I. Mazwifanana

Vana vanotsanangura zvinorehwa.

Rupawo rweZimbabwe (National Coat of Arms)

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima vachitevedza zvimiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kuzadzisa zviyevo nenyaudzosingwi dzine dzokororo.
- f** kuzadzisa zviyevo nezviito.
- g** kunyora rondedzero.
- h** kuverenga mepu nekupindura mibvunzo.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine zvimiso.
- Bhambiri rine nyaudzosingwi.
- Bhambiri rine zviito.
- Bhambiri rine mepu.
- Makadhi ane basa remapoka.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro reChishanu peji 111-118.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (junior) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataure rupawo rwenyika. Mumapoka avo ngavataure mavara aripo nemifananidzo iripo.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- Pazvitupa, pamarezinesi nezvifambiso.
- Ruvara rwemashizha uye ruvara rwedenga neruchena, rwegoridhe, rutsvuku.
- Barwe, Masvingo eZimbabwe, pfuti nebadza, nyeredzi, nhoro mbiri neshiri yeZimbabwe.

Mazwi muuwandu

Mhinduro dzemazwi ari mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----------|-------------|----------|----------------|
| a | zvibage | e | nyika |
| b | mapadza | f | ndudzi/marudzi |
| c | nyeredzi | g | nhoro |
| d | mifananidzo | h | pfuti |

B. Nzwisiso

Rupawo rwenyika

Vadzidzi ngavataure zvimiso nemabasa azvo. Ngavaverenge nzwisiso vachiita majana. Mumapoka avo ngavaverenge vagotsvaka shasha dzekuverenga dzemapoka.

Kupindura mibvunzo yenzwisiso

Vadzidzi ngavapindure mibvunzo ichabvunzwa nemudzidzisi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revana ndeidzi:

- | | | | |
|----------|---|-----------|---|
| 1 | A | 6 | C |
| 2 | A | 7 | D |
| 3 | D | 8 | C |
| 4 | A | 9 | A |
| 5 | B | 10 | D |

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavayeuchidzane manyorerwo epfupiso. Mumapoka avo vadzidzi ngavataure pfungwa huru dze pfupiso. Ngavabatanidze pfungwa idzi kumba pfupiso.

Pfungwa dzinobuda ndeidzi:

- Ruvara rwemashizha runoreva ivhu rakaorera rinotipa zvirimwa.
- Mitaro yeruvara rwedenga neruchena runomiririra mvura.
- Barwe rakamirira zvirimwa.
- Masvingo eZimbabwe akamirira nhaka yedu.
- Pfuti nebadza zvinoreva kuti takabva muhondo tave murunyararo.
- Ruvara rwegoridhe rwakamirira zvicherwa zvinotipa upfumi.
- Nyeredzi inoreva zvishuvo zvedu zveupenyu.
- Ruvara rutsvuku runoreva kunetseka kwevanhu vatema muhondo yeChimurenga.
- Nhoru mbiri dzinoreva kubatana kwemarudzi evanhu vari muZimbabwe.
- Shiri yeZimbabwe inoreva nhaka yevatema.

D. Nyaudzosingwi dzine dzokororo

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviripabambiri nenyaudzosingwi. Mumapoka avo vadzidzi ngavaumbe zvirevo zviviri zvine nyaudzosingwi ine dzokororo.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|---------------|----|-------------|
| 1 | piti piti | 6 | gude gude |
| 2 | boi boi | 7 | rezu rezu |
| 3 | kota kota | 8 | kota kota |
| 4 | fambe fambe | 9 | tambe tambe |
| 5 | dhabha dhabha | 10 | fare fare |

E. Zviito

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviripabambiri nezviito. Mumapoka avo vadzidzi ngavaumbe zvirevo zvine zviito.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|----------|----|-----------|
| 1 | vhuvhuta | 7 | bereka |
| 2 | umbura | 8 | kange |
| 3 | sesa | 9 | gweva |
| 4 | pepeta | 10 | kukuridza |
| 5 | sakura | | |
| 6 | kuma | | |

F. Rondedzero yetsananguro

Kukosha kwevhu

Vadzidzi ngavatsanangure manyorerwo erondedzero. Mumapoka avo ngavataure pfungwa dzerondedzero iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore rondedzero iyi achishandisa pfungwa dziri mubhuku revadzidzi.

G. Kuverenga mepu

Vadzidzi ngavaverenge mepu iri pabambiri. Ngavapindure mibvunzo.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|--------------|----|--------------|
| 1 | Mabvazuva | 6 | Maodzanyemba |
| 2 | Maodzanyemba | 7 | Mabvazuva |
| 3 | Botswana | 8 | Maodzanyemba |
| 4 | Zambia | 9 | Chamhembe |
| 5 | Mabvazuva | 10 | Mavirira |

H. Basa rekuita kumba

Nyaudzosingwi

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Akati bate bate basa ndokuvata.
- 2 Akati fare fare ndokutanga kutsamwa.
- 3 Akawanikwa akati rezu rezu mumuti azvisungirira.
- 4 Nyoka yakati piti piti mumwena.
- 5 Akanyorova kuti dhabha dhabha.
- 6 Akanonoka akati churi churi vamwe vatova muchikoro.
- 7 Akati gare gare padare ndokuzooneka.
- 8 Mwenga akaati boi boi maziso apo akabatwa achichachura gapu.
- 9 Ruramai akati gude gude kufuka jira nemumusoro.
- 10 Shiri yakati pfau pfau payakafurwa nerekeni.

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima vachitevedza zvimiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kupa dimikira rinowirirana nedudziro yakapiwa.
- f** kushandisa hameno, kana uye nyangwe muzvirevo.
- g** kunyora tsamba yebasa.
- h** kuverenga mepu.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine madimikira.
- Bhambiri rine hameno, kana uye nyangwe.
- Bhambiri rine tsamba yebasa.
- Bhambiri rine mepu.
- Makadhi ane mazwi.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro reChishanu peji 119-125.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (junior) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavakurukure kuti vanoona sei kuti nzvimbo ine tsvina. Mumapoka avo ngavataure zvavangaite kana munzvimbo maita tsvina.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- Vanenge vane uchapa, vamwe havana pekuisa tsvina, vamwe chijairira chekuras marara pose pose.
- Mapepa, makanda emichero, mitambo ine tsvina yevana, mataira, simbi newaya.
- Mugomba, mumabhini.
- Tsvina inosemesa, inonhuwa uye inopa zvirwere.

Mazwi anoreva zvakafanana

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revana ndeidzi:

- | | | | |
|----------|------------------|----------|---------------|
| a | dzinodambura | e | vanotisheedza |
| b | zvinosemesa | f | pachena |
| c | anosvikotambirwa | g | kuzofundisa |
| d | marengeny | h | tingakuvongai |

B. Nzwisiso

Uchapa munharaunda

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----------|-------------------------|-----------|--|
| 1 | NdiVimbai Mazuru | 6 | kurasira masaga esemende pose pose |
| 2 | Mukuru wezvoutano | 7 | Vanenge vachisemeswa netsvina |
| 3 | tsvina | 8 | kufa |
| 4 | korera, manyoka, maziso | 9 | uchapa |
| 5 | kuwirirana zvikuru | 10 | kuti vauye kuzoona nekudzidzisa vanhu nezveutano |

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavataure zvinokonjera utsvina mundima yavaverenga. Mumapoka avo vadzidzi ngavataure pfungwa huru dziri mundima. Vadzidzi ngavabatanidze pfungwa idzi kubudisa pfupiso.

Pfungwa dzinobuda ndeidzi:

- Kurasa mitambo ine tsvina.
- Nhunzi dzazara pose pose.

- Muzere mapepa.
- Mamvemve akazara pose pose.
- Kurasa tsvina pose pose.
- Kusemeswa netsvina
- Makanda emichero

D. Dimikira rinowirira nedudziro

Vadzidzi ngavape dudziro yedimikira nedimikira rine dudziro iyi. Mumapoka avo vadzidzi ngavaite basa riri pamakadhi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | |
|-----|------|
| 1 B | 6 D |
| 2 B | 7 B |
| 3 C | 8 C |
| 4 A | 9 A |
| 5 C | 10 B |

E. Kushandisa 'hameno', 'kana' uye 'nyangwe'

Vadzidzi ngavaite basa riri pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavashandise mazwi aya muzvirevo.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revana ndeidzi:

- | | |
|-----------|------------|
| 1 kana | 6 Hameno |
| 2 Nyangwe | 7 Nyangwe |
| 3 Hameno | 8 kana |
| 4 nyangwe | 9 Hameno |
| 5 kana | 10 Nyangwe |

F. Rondedzero yetsamba yebasa

Nyora tsamba kumukuru wenzvimbo yamugere uchimuudza matambudziko amuri kusangana nawo munzvimbo menyu.

Vadzidzi ngavataure manyorerwo etsamba yebasa. Mumapoka avo vadzidzi ngavataure pfungwa dzetsamba iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore tsamba iyi achishandisa pfungwa dziri mubhuku revadzidzi.

G. Kuverenga mepu

Vadzidzi ngavapindure mibvunzo iri pabhambiri remepu. Mumapoka avo ngavapindure mibvunzo iri pamakadhi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|----------|----|----------|
| 1 | Zimbabwe | 6 | Bulawayo |
| 2 | Masvingo | 7 | Kadoma |
| 3 | Masvingo | 8 | Gweru |
| 4 | Mutare | 9 | Kwekwe |
| 5 | Harare | 10 | Gweru |

H. Basa rekuita kumba

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Gokwe, Chegutu, Kadoma
- 2 Chiredzi, Hippo Valley, Triangle Mkwesine
- 3 Mutare, Chipinge
- 4 Hwange
- 5 Mhondoro, Renco, Shamva
- 6 Chiyadzwa, Murowa
- 7 kuMhangura
- 8 Nyanga
- 9 Masvingo
- 10 Hwange

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima vachitevedza zvimiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kutsanangura zvinoreva tsumo.
- f** kuzadzisa zvirevo nezvipauro.
- g** kunyora rondedzero.
- h** kuzadzisa zvirevo nemazwi eukama.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Nharembozha.
- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine tsumo.
- Bhambiri rine zvipauro.
- Bhambiri rine ukama.
- Makadhi ane basa remapoka.
- Bhambiri rine zvimiso.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro reChishanu peji 126-131.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (junior) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataure kukosha uye basa renharembozha vari mumapoka.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- rekufambisa mashoko
- inoita kuti vanhu vataurirane, vatsvake ruzivo, vanzwe mazwi vadzidze, vaweke masvomhu nezvimwe.
- vanonzwa mimhanzi, vanoona mifananidzo, vanotamba mitambo uye kutora mifananidzo.

Mazwi muushoma

Mhinduro dzemazwi ari mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----------|-----------|----------|-------------|
| a | munhu | e | mutambo |
| b | chinyorwa | f | bhuku |
| c | izwi | g | chinyoreso |
| d | mwana | h | mufananidzo |

B. Nzwisiso

Nharembozha

Vadzidzi ngavadome zvimiso nekutaura mabasa ezvimiso. Mumapoka avo vadzidzi ngavaverenge ndima. Ngavasarudze shasha yeboka iyo ichakwikwidzana nedzimwe shasha posarudzwa nyanzvi yekuverenga yevhiki iyoyo.

Kupindura mibvunzo yenzwisiso

Vadzidzi ngavapindure mibvunzo yevachabvunzwa nemudzidzisi. Mumapoka ngavapindure mibvunzo iri pamakadhi.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----------|---|-----------|---|
| 1 | B | 6 | B |
| 2 | D | 7 | D |
| 3 | C | 8 | C |
| 4 | A | 9 | D |
| 5 | A | 10 | B |

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavayeuchidzane manyorerwo epfupiso. Mumapoka avo vadzidzi ngavataure pfungwa dze pfupiso iyi. Ngavabatanidze pfungwa idzi mumwe nemumwe onyora pfupiso.

Pfungwa dzinobuda ndeidzi:

- Kutaurirana.
- Kunyora zvinyorwa uchitumira.
- Kuita masvomhu
- Kutsvaka zvinoreva mazwi.
- Kutora mifananidzo.
- Kutamba mitambo.
- Kuridza mimhanzi.

D. Zvinoreva tsumo

Vadzidzi ngavataure zvinoreva tsumo dziri pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavataure zvinoreva tsumo.

Mhinduro dzetsumo dziri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Mwana anotodza tsika dzevabereki vake.
- 2 Munhu ane tsika yaajaira haairegi.
- 3 Munhu akasununguka kuita zvaanoda.
- 4 Totenda zvaitika.
- 5 Ukashanda nesimba unobudirira.
- 6 Kana nzvimbo ine chinhu chaunodisira chero ikava kure sei unotoshinga kuendako.
- 7 Hazvina kunaka kuseka vari mumatambudziko.
- 8 Zvinhu zvose zvinoshanduka.
- 9 Vanhu vasingateereri vanowanzopinda mumatambudziko.
- 10 Mukufamba tinoona nekudzidza zvakawanda.

E. Zvipauro

Vana ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nezvipauro. Mumapoka avo vadzidzi ngavashandise zvipauro muzvirevo.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revana ndeidzi:

- 1 mbiri
- 2 hobvu
- 3 mutema
- 4 wakakora
- 5 hunotapira
- 6 yakanaka

- 7 irefu
- 8 hwakatsetseka

- 9 anovava
- 10 mukuru

F. Rondedzero yetsananguro

Rondedzera musi wakwakanaya mvura zhinji.

Vadzidzi ngavataurirane manyorerwo erondedzero. Mumapoka avo vadzidzi ngavataure pfungwa dzerondedzero vachinyora. Mumwe nemumwe ngaanyore pfungwa dzerondedzero iyi achishandisa pfungwa dziri mubhuku revadzidzi.

G. Ukama

Vadzidzi ngavataure ukama huri pazvirevo zviri pabhambiri. Mumapoka avo ngavaumbe zvirevo zvavo zveukama.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | |
|------------|--------------|
| 1 muzukuru | 6 mukuwasha |
| 2 sekuru | 7 babamukuru |
| 3 muroora | 8 muramu |
| 4 mutorwa | 9 vatezvara |
| 5 shamwari | 10 ambuya |

H. Basa rekuita kumba

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revana.

- 1 Murume wemwana wako.
- 2 Mwanasikana kana mwanakomana wekumba kwenyu.
- 3 Mukadzi wemwana wako.
- 4 Baba vemurume wako.
- 5 Murume waamai.
- 6 Mukoma wababa wako.
- 7 Munin'ina waamai wako.
- 8 Munin'ina wemudzimai wako kana mwana wehanzvadzi yomudzimai wako ari musikana.
- 9 Mai vemurume wako.
- 10 Hanzvadzi yemudzimai wako.

Bepa rekutanga

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|----|---|----|---|
| 1 | B | 21 | B |
| 2 | A | 22 | B |
| 3 | A | 23 | C |
| 4 | B | 24 | A |
| 5 | B | 25 | C |
| 6 | B | 26 | A |
| 7 | B | 27 | B |
| 8 | C | 28 | B |
| 9 | C | 29 | C |
| 10 | B | 30 | D |
| 11 | C | 31 | B |
| 12 | B | 32 | C |
| 13 | C | 33 | B |
| 14 | C | 34 | C |
| 15 | B | 35 | A |
| 16 | A | 36 | C |
| 17 | C | 37 | C |
| 18 | B | 38 | B |
| 19 | D | 39 | B |
| 20 | B | 40 | A |

Bepa rechipiri

Chikamu chekutanga: Rondedzero (mamakisi 20)

Vadzidzi ngavanyore rondedzero imwe chete pane dzinotevera idzi:

- 1 Tsanangura musi wawakabirwa nembavha.
- 2 Nyora hurukuro pakati pemudzidzisi nemwana anotiza chikoro.
- 3 Nyora tsamba kumukuru wemapurisa uchimutsanangurira matambudziko ari munzvimbo menyu.
- 4 Rondedzera kukosha kwevarimi.
- 5 Nyora rondedzero ine musoro unoti, 'Ndambakuudzwa akaonekwa nembonje pahuma.'

Chikamu chechipiri: Nzwisiso (mamakisi 5)

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | |
|---|---------------|-----|
| 1 | nemango | [1] |
| 2 | nemago | [1] |
| 3 | Nyaradzai | [1] |
| 4 | nhangemutange | [1] |
| 5 | kutiza | [1] |

Pfupiso (mamakisi 5)

Vadzidzi ngavanyore pfupiso ine pfungwa idzi:

- Tendero akazunza mumango.
- Akazunza mago aive mumuti.
- Mago akaenda kumeso kwaTendero.
- Tendero akarumwa nemago.
- Akanunurwa naNyaradzai.

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima vachitevedza zvimiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kududzira zvirahwe.
- f** kushandisa zvimiso muzvirevo.
- g** kunyora tsamba yebasa.
- h** kunyora mitambo yekare neyanhasi.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Makorongo, nzizi.
- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine zvirahwe.
- Bhambiri rine zvimiso.
- Bhambiri rine tsamba yebasa.
- Bhambiri rine mitambo yekare neyanhasi.
- Makadhi ane basa remapoka.

Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro reChishanu peji 139-145.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (junior) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavakurukure zvinokonzera gukuraivhu. Mumapoka avo vadzidzi ngavataure kudzivirira gukuraivhu.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- Rinotipa zvirimwa, rinovakisa, ndimo mune zvicherwa, rinoumbisa nezvimwe.
- Kutema miti, kupisa sora, kurima pedo nenzizi nezvikova nezvimwe.
- Rinosara rave jecha, zvirimwa hazvikuri zvakanaka, panoita makoronga nezvimwe.
- Kusima miti, kusapisa sora, kusarima pedo nehova nenzizi nezvimwe.
- Mazwi anopikisana

Mhinduro dzemazwi anopikisana ari mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|---------|---|---------|
| a | ndasuwa | e | huru |
| b | kure | f | pazasi |
| c | nhema | g | shoma |
| d | shoma | h | kudzura |

B. Nzwisiso

Gukuraivhu

Vadzidzi ngavaverenge mazwi ari pazvitai-tai. Ngavaite majana ekuverenga ndima iyi vosarudza shasha yekuverenga.

Kupindura mibvunzo yenzwisiso

Vadzidzi ngavapindure mibvunzo yavachabvunzwa nemudzidzisi. Mumapoka avo ngavapindure mibvunzo iri pamakadhi.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|--|----|-------------------------------------|
| 1 | ndiVaMoyo | 6 | nemvura nemhepo |
| 2 | nezvegukuraivhu | 7 | Kutenda cherima kutenda wauya nacho |
| 3 | midzi yemiti inobata ivhu kuti risakukurwa | 8 | ndiVaMhere |
| 4 | Midzi | 9 | Sabhuku Hari |
| 5 | nenzizi | 10 | Mugovera wekutanga waZvita |

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavataure zvinokonzera gukuraivhu zvavaverenga mundima. Mumapoka avo vadzidzi ngavanyore pfungwa dzepfupiso iyi. Mumwe nemumwe ngaabatanidze pfungwa idzi kuumba pfupiso.

Pfungwa dzinobuda ndeidzi:

- Kutema miti.
- Kupisa sora.
- Kurima pedyo nenzizi kana hova.
- Kufudzira zvipfuwo zvizhinji panzvimbo imwe chete.
- Kufamba nzira imwe chete makawanda.

D. Zvirahwe

Vadzidzi ngavaite mapoka maviri vachitaura zvirahwe nekuzvidudzira. Mudzidzisi ngaape zvibodzwa boka rinenge ragona kududzira chirahwe. Boka rinenge raita zvibodzwa zvakawanda ndiro rinenge ratora mukombe.

Vadzidzi ngavadudzire zvirahwe zviri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|--------|----|----------|
| 1 | gurwe | 6 | badza |
| 2 | bvute | 7 | sadza |
| 3 | soso | 8 | pfuti |
| 4 | bvudzi | 9 | mapfihwa |
| 5 | zviyo | 10 | derere |

E. Zvimiso

Vadzidzi ngavataure zvimiso nemabasa azvo. Ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nezvimiso zvakakodzera.

